ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

# АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

№30 (24.312) • 2022 гъэм гъатхэпэм (мартым) и 19, щэбэт • Тхьэмахуэм щэ къыдокI • И уасэр зы тумэнщ • adyghe@mail.ru adyghepsale.ru




## ЩIыналъэхэм я хуитыныгъэхэм хагъахъуэ

**УФ-м и Президент Путин Владимир иджыблагъэ Москва щригъэкIуэкIащ къэралым хыхьэ щIыналъэхэм социально-экономикэ унэтIыныгъэхэмкIэ защIэгъэкъуэным щытепсэлъыхьа селектор зэIущIэ. Абы и лэжьыгъэм хэтащ КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек.**

ЗЭIУЩIЭР къыщызэIуихым къэралым и Унафэщlыр къытеувыIащ Урысей Федерацэм Украинэм и щIыналъэхэм Iэщэкlэ зэщIэузэда дзэхэр хэту щригъэкIуэкI операцэ хэхам ипкъ иткIэ дуней псомрэ ди хэкумрэ щыщыIэ политикэ, социально-экономикэ щытыкIэм. Абы къыхигъэщащ а Iуэхугъуэм и мурад нэхьыщхьэр Донецк, Луганск цIыхубэ республикэхэм я хуитыныгъэр хъумэныр, Урысей Федерацэм и щIыпIэ псоми шынагъуэншагъэ къыщызэгъэпэщыныр арауэ зэрыщытыр.

- Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм деIыгъ къэралым и пашэм ищIа апхуэдэ унафэр. Дэ нэсу зэхыдощIыкI а Iуэхугъуэхэр Iэмалыншэу зэрырагъэкIуэкIыр, апхуэдэуи къыдгуроIуэ мы зэманым дызыхэт экономикэ зэпэщIэувэныгъэм дызригъэувэ жыпхъэхэри. Апхуэдэ щытыкIэм дыхуэзэышахэм я мурадщ ди псэукIэр нэхъыкIэ ящIыну, ди къэралыр къызэтрагъэщэхэну, - щыжеIэ Telegram-каналым щиIэ напэкIуэцIым КIуэкIуэ Казбек. - А псори къилъытэри, Путин Владимир къыхилъхьащ къэралым и цIыхухэм, щIыналъэхэм, экономикэм, хьэрычэтыщIэ IэнатIэм, нэгъуэщI IуэхущIапIэхэми зэрадэIэпыкъуным ехьэлIа Iуэхугъуэ куэд. Дауи, абыхэм я мыхьэнэр къыпхуэмылъытэным хуэдизу инщ иджыпсту. Къэрал унафэщIым игъэбелджыла къалэн псори къызыхуэтыншэу дгъэзэщIэныр япэу зэфIэтхын хуей ди къалэн нэхьыщхьэхэм ящыщщ. КъапщтэмэI, а унафэхэм ящыщщ лэжьапщIэ нэхъ мащIэ дыдэм, цIыхур псэун папщIэ зыхуеину ахъшэм, бюджет лэжьакIуэхэм я улахуэм, социальнэ и лъэныкъуэкIэ атхэм хэгъэхъуэныр. Апхуэдэу дэIэпыкъуныгъэ ягъуэтынущ бын зиIэ унагъуэхэм, лэжьыгъэ IэнатIэр зыфIэкIуэдахэм. ЗэхъуэкIыныгъэхэр ягъуэтынущ хьэрычэтыщIэ IэнатIэм, сатум, хьэпшыпхэр къыщIэгъэкIынымрэ ухуэныгъэмрэ ехьэлIа къэрал хабзэ зыбжанэми.

Ди щIыналъэм и Iэтащхьэм къызэрыхигъэщамкIэ, Урысей Федерацэм и Президентым Iэ щIидзащ къэралым социально-экономикэ зэпIэзэрытыныгъэ щыщыIэнымрэ абы щыпсэу цIыхухэр хъумэнымрэ ятеухуа указхэм. А дэфтэрым хэпщIыкIыу хегъахъуэ къэралым хыхьэ щIыналъэхэм я хуитыныгъэхэм. Iэмал къет щIыпIэхэм щыщыщIэ экономикэ, географие щытыкIэхэр, цIыхухэр зыхуей-зыхуэныкъуэхэр къэлъытауэ, абыхэм ехьэлIа унафэхэр къащтэну.

Къэралым и Президент Путин Владимир ищIа апхуэдэ унафэм къегъэлъагъуэ щIыналъэхэм Iуэхухэр щызезыгъакIуэ Iэтащхьэхэм абы дзыхь зэрахуищIыр, апхуэдэуи щыхьэт тохъуэ Урысей Федерацэм щыщыIэ къэрал Iуэху зехьэкIэр лъабжьэ быдэ зиIэу, илъэс куэд лъандэрэ зэтеувауэ, хабзэкIи политикэкIи зэпIэзэрыту зэрыщытым. КъищынэмыщIауэ, абы къегъэлъагъуэ къэралым и щIыналъэ псори зэкъуэту, хэкум и пашэм и унафэм щIэту зэрылажьэр. Апхуэдэ щытыкIэ щытепщэ къэралым Президентым и унафэхэр къанэ щымыIэу икIи къызыхуэтыншэу зэрыщагъэзэщIэнум шэч хэлъкъым.

**ТАМБИЙ Линэ.**

## КъБР-м и Iэтащхьэр Къырымыр Урысейм зэрыхыхьэжрэ илъэси 8 зэрырикъум и щIыхькIэ республикэм щыпсэухэм йохъуэхъу

«ПщIэ зыхуэсщI ныбжьэгъухэ!

Ди къэралым егъэлъапIэ Къырымыр Урысейм къызэрыгухьэжрэ илъэси 8 зэрырикъур.

Лъэпкъ зэмылIэужыгъуэ куэд щыпсэу ди къэралым дежкIэ а тхыдэ къэхъукъащIэм ипэжыпIэкIэ мыхьэнэшхуэ иIэщ, Къырым Республикэмрэ Севастополь къалэмрэ я цIыхухэм я гъащIэм зэхъуэкIыныгъэшхуэхэр щигъуэта лъэхъэнэщ ар.

Сигуми си псэми къабгъэдэкIыу мыхьэнэшхуэ зиIэ махуэмкIэ сохъуэхъу щIыналъэхэм я унафэщIхэу Аксенов Сергейрэ Развожаев Михаилрэ, Къырымымрэ ди къэралымрэ я цIыхухэм.

Нобэ хытIыгуныкъуэм социально-экономикэ, щэнхабзэ зыужьыныгъэ я лъэныкъуэкIэ щытыкIэ псори къыщызэгъэпэщащ, щIыналъэхэм я экономикэ зэфIэкIыр щIэгъэбыдэным, социальнэ, транспорт, инженер, туризм IуэхущIапIэхэр егъэфIэкIуэным, цIыхухэм я псэукIэр адэкIи нэхъ зэIузэпэщ щIыным хуэунэтIа къэрал программэ лъэщхэр щагъэзащIэ.

Псом нэхърэ нэхьыщхьэращи, Къырымым щыпсэухэм Iэмал яIэ хъуащ мамырыгъэрэ фIыгъуэрэ щытепщэ щIыпIэм езыхэми я щIэблэми я къэкIуэнур щаухуэну.

Ди жагъуэ зэрыхъунщи, апхуэдэу пхужыIэнукъым, а зэманым, илъэси 8 ипэкIэ, абыхэм ящIыгъуу Донецк, Луганск цIыхубэ республикэхэр къызэгъэпэщыным и телъхьэу Iэ зыIэтауэ щыта Донбассым и цIыхухэм щхьэкIэ. Ауэ а илъэсхэм республикитIри блокадэм хэтащ, абыхэм я цIыхухэм Украинэм и унафэр зыщIэхэм зэрахьа хьэкIэкхъуэкIагъэ псори я фэм дэкIащ. Я щIыналъэм щыпсэужыну, я бзэкIэ псэлъэну яIэ хъуэпсапIэ къызэрырагъэкIхэм, я щэнхабзэмрэ хабзэмрэ хуаIэ лъагъуныгъэм папщIэ ахэр ягъэкIуэдынкIэ шынагъуэ яIэу псэуащ.

Урысейр хущIэкъуащ Донбассым щыIэ щытыкIэ хьэлъэм мамыр политикэр зи лъабжьэ Iэмалхэмкlэ зэхъуэкIыныгъэхэр хилъхьэну. Ауэ мамырыгъэм и телъхьэ цIыхухэр укIыныр, сабийхэм, бзылъхугъэхэм, жьыкIэфэкIэм лей якIэлъызехьэныр зы махуи зэпыуакъым. КъищынэмыщIауэ, иужьрей зэманхэм Украинэм жыджэру зигъэхьэзырырт Донбассым зауэ къыщигъэхъеину. Нэгум къыщIэгъэхьэгъуейщ цIыхубэ республикэхэмрэ Урысей Федерацэм и щIыналъэ абы и гъунэгъухэмрэ щыпсэухэм абы къахуихьынкIэ хъуну щытар.

Гурыгъуэгъуэ хъуащ ди къэралым и шынагъуэншагъэр къагъэтIэсхьэн, абы къытегушхуэн папщIэ Украинэр зауэ операцэхэр щекIуэкI щIыпIэу къэгъэсэбэпыным хущIэкъу США-мрэ НАТО-мрэ а псор къазэрыбгъэдэкIыр. Урысейр, ди цIыхухэр хъумэныр, Донбассым щыпсэухэм иращIылIэ лъэпкъгъэкIуэдыр къызэпыудыныр Iэмал зимыIэ щытыкIэм зэрыхуэкIуарщ УФ-м и Президент Путин Владимир Украинэм и националистхэр гъэкIуэдыным, зауэм зэрызыхуагъэхьэзыра Iэщэхэмрэ техникэмрэ зэтекъутэным теухуауэ къыхилъхьа Iуэхугъуэ щхьэхуэхэр къызыхэкIар.

Дэ дыдоIыгъ Урысейм IэщэкIэ ЗэщIэузэда и Къарухэм къыхуагъэува къалэнхэр зэфIахынымкIэ ягъэзащIэ Iуэхухэр. Ди армэм нобэ ихъумэр Донбассым щыпсэухэм я закъуэкъым, ар и щхьэщыжакIуэщ Украинэм и цIыху мамырхэми. Сэ шэч къытесхьэркъым, Украинэм тепщэныгъэр щызыIыгъхэм ирагъэжьа террор Iуэхугъуэ шынагъуэхэр зэрыщыту къызэрызэпаудынум», - щытхащ КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Казбек и Telegram-каналым.

## Зэрызэкъуэувэжар ягъэлъапIэ

**Бэрбэч ХьэтIутIэ и цIэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым и утым дыгъуасэ щекIуэкIащ «Крымская весна» пэкIуконцертыр, Урысейм Къырым Республикэр къызэрыхыхьэжрэ илъэсий зэрыхъум теухуауэ.**

- ДИ КЪЭРАЛЫМ и Президент Путин Владимир къищта унафэхэм псори дыкIэлъыплъащ. Ахэр теухуащ Урысейм и щIэблэм я шынагъуэншагъэм. Апхуэдэу Донбассым щекIуэкI зэпэщIэтыныгъэми дыкIэлъоплъ. А щIыналъэм мамырыгъэр икIэщIыпIэкIэ щызэтеувэжу, абы къулыкъу щызыщIэ ди щIалэхэм къагъэзэжу я гъащIэм, зыужьыныгъэм пащэжыну ди хъуэпсапIэщ, - жиIащ зэхыхьэр езыгъэкIуэкI Ало Белинэ. - ПэкIум цIыху 1000-м щIигъу къекIуэлIащ, Къырымыр Урысейм къызэрыгухьэжрэ илъэсий зэрикъур ягъэлъэпIэн папщIэ. КъемыкIуэлIэфами, Къэбэрдей-Балъкъэрым, Урысейм ис псоми а гуфIэгъуэр гукIи псэкIи къыддагъэлъапIэ. Ди къэралым, абы къыщIэхъуэ щIалэгъуалэм я зэфIэкIым догушхуэ.

- 2009 гъэм экономикэ факультетыр къыщызуха университетым сыщрагъэблагъэкIэ сыт щыгъуи си гуапэу къызогъэзэж, - жиIащ ЩIалэгъуалэм я зыужьыныгъэмкIэ фондым и унафэщI Ковалевэ Алинэ. - Урысей тхыдэр къыгуэхыпIэ имыIэу зыдэдгуэш Къырымымрэ ди къэралымрэ я зэкъуэтыныгъэр зэрыдгъэлъапIэм мыхьэнэшхуэ иIэщ. Лъэпкъхэм я зэхуаку мамырыгъэ дэлъыну, зыужьыныгъэм, узыншагъэм ини цIыкIуи дыхущIэвгъэкъуну фыкъызохуэджэ! Псом хуэмыдэу нобэ дызэщIыгъун, зыр адрейм дыдэIэпыкъун хуейщ!

Апхуэдэу зэIущIэм къыщыпсэлъащ «Садсервис» ООО-м и унафэщI Ашэбокъуэ Тимур, КъБКъУ-м и студентхэм я лIыкIуэ Мурачаев Исхьэкъ, нэгъуэщIхэри.

Зэхыхьэр ягъэдэхащ республикэм и уэрэджыIакIуэхэмрэ къэфакIуэхэмрэ, уэрэдымрэ къафэмкIэ «Амикс» театрым и уэрэджыIакIуэ ДыщэкI Артур, КъБР-м и цIыхубэ артист Текуев Амур, нэгъуэщIхэми.

**ТЕКIУЖЬ Заретэ.**

*Сурэтыр* **Къарей Элинэ** *трихащ.*



# ЗэпIэзэрыту заужьын папщIэ

**КIуэкIуэ Казбек хэтащ УФ-м и Правительствэм ЩIыналъэ зыужьыныгъэмкIэ и комиссэм и зэIущIэм. ВидеозэпыщIэныгъэ IэмалкIэ ар иригъэкIуэкIащ УФ-м и Правительствэм и УнафэщIым и къуэдзэ Хуснуллин Марат.**

ЗЭХУЭСЫМ къыщаIэтащ КъБР-м щагъэзащIэ лъэпкъ, федеральнэ проектхэм ятекIуадэ мылъкум и Iуэхур. Гулъытэ нэхъыбэ хуащIащ къэралымрэ щIыналъэмрэ зэрызэдэлажьэ зэгурыIуэныгъэхэм, инвестицэхэм.

- Къэбэрдей-Балъкъэрым лъэпкъ проект псори зэрызэгурыIуа пIалъэм тету щагъэзащIэ, - жиIащ КIуэкIуэ Казбек зэIущIэм къыщаIэта Iуэхухэм ятеухуауэ. - Мы гъэм цIыхубэм я дежкIэ мыхьэнэшхуэ зиIэ ухуэныгъэу 70-м нэс едгъэкIуэкIыну ди мурадщ, ар унэщIэ щIын е жьы хъуахэр зэгъэпэщыжын лэжьыгъэ ирехъу. Нэхъыбэр 2022 - 2023 гъэхэм къриубыдэу тхуэухынущ. Язынықъуэ ухуэныгъэхэр 2024 гъэ пщIондэ екIуэкIыну къыщIэкIынщ. ЦIыху 500-м нэс зыщIэхуэну поликлиникэщIэ духуэным епха зэгурыIуэныгъэхэр къэралым етщIылIакIэщ. Куба къуажэм - амбулаторэ, Эльбрус жылагъуэм - щIыпIэ сымаджэщ щыдухуэнущ, къуажэ зыбжанэм дэт еджапIэхэр зэдгъэпэщыжынущ. Лэжьыгъэр нэгъэсауэ и чэзум зэфIэкIын папщIэ, кIэлъыплъынухэм унафэ яхуэсщIакIэщ.

КIуэкIуэ Казбек тепсэлъыхьащ ухуэныгъэхэм къедза инфраструктурэ лэжьыгъэхэми. «Къэралым «Псы къабзэ» проектымкIэ зэгурыIуэныгъэ щхьэхуэ етщIылIэну ди мурадщ. 2022 - 2024 гъэхэм псы къыщIэшыпIэрэ ижыпIэу 13-м нэс дутIыпщынущ, нэхъ пасэу зэдгъэпэща 19-м нэмыщI. Иджыри Тэрчрэ Тырныаузрэ псы къыщIэшыпIэу 5 зэрыщыдутIыпщыным пыщIа зэгурыIуэныгъэхэм долэжь», - жиIащ щIыналъэм и Iэтащхьэм.

**КЪУДЕЙ Iэминэ.**

# Шэрэдж районым и медицинэ IуэхущIапIэхэр къепщытэ

**КъБР-м узыншагъэр хъумэнымкIэ и министр Къалэбатэ Рустам Шэрэдж район администрацэм и унафэщI Кульбаев Алан и гъусэу къипщытащ «Узыншагъэр хъумэнымкIэ IэнатIэм цIыхухэм япэ дэIэпыкъуныгъэ щагъуэт и IуэхущIапIэхэр къэгъэщIэрэщIэжын» проектым ипкъ иткIэ щIыналъэм щрагъэкIуэкI лэжьыгъэхэр здынэсар.**

МЕТР зэбгъузэнатIэ 586,5-рэ хъу, иджырей мардэхэм тету Аушыджэр къуажэм щаухуэ амбулаторэр мыгувэу хьэзыр хъунущ. Абы текIуэда мылъкур, сом мелуан 33-р, федеральнэ бюджетым къыхэкIащ.

Медицинэ IуэхущIапIэр поликлиникэ лэжьэкIэм хуэщIауэ щытынущ: махуэм къриубыдэу абы цIыху 35-м Iуэхутхьэбзэхэр щыхуащIэфынущ, къищынэмыщIауэ, гъуэлъыпIэ 20 щIэту махуэкIэ щызрагъэIэзэ къудамэ иIэнущ. Мыбы цIыхухэм щагъуэтынущ терапие, педиатрие, акушерствэ, гинекологие, хирургие, стоматологие унэтIыныгъэхэмкIэ зыхуеину дэIэпыкъуныгъэхэр.

Министрым къыхигъэщащ гъатхэпэм и кIэм ирихьэлIэу хьэзыр хъун хуей ухуэныгъэм и лэжьыгъэр къэзылъахъэ щымыIэу зэрекIуэкIым арэзы къызэрищIар.

- Медицинэ IуэхущIапIэщIэр цIыхухэр зыхуэныкъуэ япэ дэIэпыкъуныгъэр зэрыщагъуэтыным сыт и лъэныкъуэкIи хуэщIауэ щытынущ. Дэ ди къалэн нэхъыщхьэр а Iуэхум теухуауэ щыIэ проектым къызэригъэувым дытету медицинэ Iуэхутхьэбзэхэм я фIагъым хэгъэхъуэнымрэ ар псоми зэхуэдэу къагъэсэбэпыну Iэмал етынымрэщ, - жиIащ министрым.

Ухуэныгъэ лэжьыгъэхэр зэрызэфIэкIыу, амбулаторэр медицинэ IэмэпсымэхэмкIэ къызэрагъэпэщынущ, абы къегъэщIылIа щIыналъэр зэIузэпэщ ящIынущ. Абы унэтIыныгъэ зэмылIэужьыгъуэхэмкIэ IэщIагъэлI 30-м щIигъу щылэжьэнущ. Къапщтэмэ, ахэр псори щIыпIэм щопсэу икIи нэхъыбэр IэщIагъэлI ныбжьыщIэхэщ.

«Узыншагъэр хъумэнымкIэ IэнатIэм цIыхухэм япэ дэIэпыкъуныгъэ щагъуэт и IуэхущIапIэхэр къэгъэщIэрэщIэжын» проектым хэту Шэрэдж район сымаджэщым и поликлиникэ къудамэу Къэщкъэтау къуажэм дэтым зэгъэпэщыжыныгъэ лэжьыгъэхэр щокIуэкI. А Iуэхуми федеральнэ бюджетым къыхэкIыу сом мелуан 43-рэ хухахащ.

Мы зэманым къриубыдэу поликлиникэм и щхьэгъубжэхэр, унащхьэр, унэлъэгур, инженер коммуникацэхэр яхъуэжащ. Чэзум щыпэплъэ плIанэпэ щхьэхуэ зыхуей хуэгъэзауэ къызэрагъэпэщынущ. Поликлиникэм къекIуалIэхэм я Iуэхур нэхъ тынш зэрыщащIынум тещIыхьауэ ухуэныгъэм зэхъуэкIыныгъэ зыбжанэ халъхьэнущ. Апхуэдэу лъы щыхаш, гъуджэ щытрах пэшхэр япэ къатым щыIэнущ, етIуанэмрэ ещанэмрэ участковэ дохутырхэмрэ медицинэм и унэтIыныгъэ щхьэхуэхэмкIэ IэщIагъэлIхэмрэ щылэжьэнущ. Жьы хъуахэмрэ зи узыншагъэм къимыхьхэмрэ папщIэ лифт ягъэувынущ, щIыхьэпIэм пандус хуащIынущ.

Зэгъэпэщыжыныгъэ лэжьыгъэхэр мы илъэсым къриубыдэу зэфIагъэкIыну я мурадщ.

**ЩХЬЭЩЭМЫЩI Изэ.**



# Къалэн нэхъыщхьэщ ерыскъыхэкIхэмкIэ къызэгъэпэщыныр

**КъБР-м и Парламентым и зи чэзу зэIущIэм зыщытепсэлъыхьа Iуэхугъуэ нэхъыщхьэхэм ящыщщ цIыхум нэхъыбэрэ къащэхум и уасэр хамыгъэхъуэнымрэ абыхэмкIэ ирикъуу къызэгъэпэщынымрэ ехьэлIауэ республикэ унафэщIхэм зэфIагъэкIыр.**

А IУЭХУМ цIыхухэр зэрыригузавэр къалъытэри, депутатхэм зэIущIэм ирагъэблэгъащ КъБР-м и Правительствэм и УнафэщIым и япэ къуэдзэ **Говоров Сергей**, Узыншагъэр хъумэным ехьэлIа кIэлъыплъыныгъэхэмкIэ федеральнэ IэнатIэм и щIыналъэ фондым и унафэщI **Ахматов Алим**, КъБР-м промышленностымкIэ, энергетикэмрэ сатумкIэ и министр **Iэхъуэбэч Щэмил**, КъБР-м мэкъумэш IэнатIэмкIэ и министрым и къуэдзэ **Уэдыхь Тимур**, Урысейм и антимонопольнэ IэнатIэм и IуэхущIапIэу КъБР-м щыIэм и къудамэм и унафэщI **Балъкъэр Залым**.

ЗэIущIэр къыщызэIуихым, КъБР-м и Парламентым и УнафэщI **Егоровэ Татьянэ** къыхигъэщащ къаIэта Iуэхум мыхьэнэшхуэ зэриIэр.

- Ди къэралым къытралъхьа санкцэхэм къаша гугъуехьхэр къызэрызэднэкIыну Iэмалхэм гулъытэ хэха хуэтщIын хуейуэ зэманым къытхуигъэуващ. КъухьэпIэр зэгурыIуауэ тхуащI лъэпощхьэпохэр экономикэм къытемыхьэлъэу къанэркъым, - къыхигъэщащ Егоровэм. - УФ-м и Правительствэм иубзыхуащ санкцэхэр нэхъыбэу зыхэзыщIэнкIэ хъуну IэнатIэхэмрэ ахэр къызэрызэднэкIыну щIыкIэмрэ. Абыхэм хохьэ мэкъумэш IэнатIэр, щIэныгъэр, щэнхабзэр, туризмэр, сатур, медицинэр, хъыбарегъащIэ технологиехэр, шхапIэхэр. Ауэ псом япэу гу зылъытапхъэр ерыскъыхэкIхэм я шынагъуэншагъэр къызэгъэпэщынырщ.

Санкцэхэр къыщытхуагъэува япэ махуэхэм щыхьэт дытехъуащ уасэхэм зэрыхэхъуэми цIыхум лейуэ ерыскъыхэкIымрэ хущхъуэхэмрэ зэрызэбграхми. Иджыпсту Iуэхухэр тIэкIу нэхъыфI хъужащ, арщхьэкIэ сытми дыхуэхьэзырын хуейщ. Къыхэзгъэщынут, ди республикэм и мэкъумэш IэнатIэмрэ промышленностымрэ къыщIагъэкIым щIыналъэр зыхуэныкъуэхэмкIэ къызэрызэрагъэпэщыфынур.

Къэралым и мурадщ сом мелард 25-м нэблагъэ хуэгъэкIуатэ кредиту мэкъумэш IэнатIэм елэжьхэм яхуиутIыпщыну. Дегупсысын хуейщ Къэбэрдей-Балъкъэрым и мэкъумэшыщIэхэм я Iуэхур зэрадэтIыгъыну щIыкIэм. Ди къэралыр апхуэдэ гъэунэхуныгъэхэм зэман-зэманкIэрэ хэтащ икIи ди фIэщ мэхъу иджыпстуи гугъуехьхэм дызэрыпхыкIыфынур.

Говоров Сергей жиIащ зи гугъу ящI гугъуехьхэм республикэ унафэщIхэм зэпымыууэ я нэIэ зэрытетыр. Псалъэм папщIэ, КъБР-м и Правительствэм игъэхьэзыращ мэкъумэш IэнатIэм, промышленностым, сатум, щIыуэпс хъугъуэфIыгъуэхэмрэ бжыгъэр зи лъабжьэ зыужьыныгъэмрэ лъэпощхьэпо ямыIэу лэжьэныр къызэгъэпэщынымкIэ оперативнэ штаб къызэIухыным теухуа проектыр. Апхуэдэуи къызэрагъэпэщащ республикэм и сату щIапIэхэм уасэм махуэ къэс щыкIэлъыплъ лэжьакIуэ гуп.

2022 гъэм и гъатхэпэр къызэрихьэрэ уасэхэр нэхъыбэу зыхагъэхъуам ящыщщ шейр, фошыгъур, тхъуийр: процентi 10-м къыщыщIэдзауэ 40-м нэскIэ - щIыналъэ тыкуэнышхуэхэм, процент 15 - 20-м нэскIэ - федеральнэ сетхэм.

- ЩIакхъуэм, былымылым, кIэртIофым, къэбыстэм, бжьыным, пхъым я уасэхэр я пIэм итщ. Уасэхэм кIэлъыплъын зэрыщIэддзэрэ абыхэм зы процент е тIу фIэкIа хэхъуакъым, - къыхигъэщащ Говоровым. Абы зэрыжиIамкIэ, хьэжыгъэм къыхащIыкIхэм я уасэр зэпIэзэрыту къэнэн папщIэ, федеральнэ бюджетым къыхэкIыу республикэм сом мелуани 2,4-рэ къыхуигъэкIуащ, промышленностым зыщIигъэкъуэн мурадкIэ.

УФ-м Промышленностымрэ сатумкIэ и министерствэм федеральнэ сату щIапIэхэм зэгурыIуэныгъэ ярищIылIащ, цIыхур нэхъыбэу зыхуэныкъуэхэм тралъхьэр процентi 5-м фIамыгъэкIыну. Абыхэм ящыщщ «Магнит» (тыкуэну 50), «Пятёрочка» (тыкуэн 17) сату щIапIэхэри.

- Къыхэзгъэщыну сыхуейт, коронавирус узыфэм и зэранкIэ дызэрыт щытыкIэри къэлъытауэ, языныкъуэ хьэпшыпхэм щIэупщIэшхуэ яIэ зэрыхъуар, ауэ иужьрей тхьэмахуитIым щытыкIэм зихъуэжащ. Iуэхухэр нэхъ зэпIэзэрыт хъужауэ къыдолъытэ. Хьэпшыпхэмрэ ерыскъыхэкIхэмрэ ирикъуу диIэщ, зыри дыхуэныкъуэнукъым, - дыщIигъуащ къэпсэлъам.

Гулъытэшхуэ хуащI Къэбэрдей-Балъкъэрым и мэкъумэш IэнатIэм. 2022 гъэми а Iуэхум къэрал дэIэпыкъуныгъэ игъуэтынущ.

Егоровэ Татьянэ къызэхуэсахэр къыхуриджащ хущхъуэхэм я уасэм зэрыхэхъуэм цIыхухэр зэригъэгузавэм гу лъатэну. Ар щIэупщIащ хамэ къэралхэм я хущхъуэхэм ехьэлIауэ щытыкIэр зыхуэдэми.

Узыншагъэр хъумэным ехьэлIа кIэлъыплъыныгъэмкIэ федеральнэ IэнатIэм Къэбэрдей-Балъкъэрым щиIэ щIыналъэ фондым и унафэщI **Ахматов Алим** жиIащ ягъэува уасэхэм Росздравнадзорым и нэIэ зэрытригъэтыр. Абы къызэрыхигъэщамкIэ, аптекэхэм хущхъуэхэр зэраIэм теухуауэ щыIэ «линэ пщтырыр» гъатхэпэм и 24 пщIондэ лэжьэнущ. Апхуэдэуи IэнатIэм зэман гъунэгъум аргуэру зэ аптекэхэр къипщытэнущ.

ЗэIущIэм къыщыпсэлъащ «Захуагъэ здэщыIэ Урысей - Пэжым и телъхьэ» фракцэм и унафэщI **Кебеков Владимир**, КъБР-м и Парламентым ЛэжьыгъэмкIэ, социальнэ политикэмрэ узыншагъэр хъумэнымкIэ и комитетым и унафэщIым и къуэдзэ, ЛДПР-м и унафэщI **Безгодькэ Владимир**, Экономикэ политикэмкIэ, зыужьыныгъэмрэ хьэрычэт IуэхухэмкIэ комитетым и унафэщI **Iэпщэ Заур**, Мэкъумэш IуэхухэмкIэ, щIыуэпсыр къэгъэсэбэпынымкIэ, экологиемрэ дыкъэзыухъуреихь дунейр хъумэнымкIэ комитетым и унафэщIым и къуэдзэ, «ЩхъуантIэхэр» фракцэм и унафэщI **Щхьэгъэпсо Сэфарбий**, КПРФ фракцэм и Iэтащхьэ **Пащты Борис**, Жылагъуэ шынагъуэншагъэмрэ Iулъхьэм пэщIэтынымкIэ комитетым и унафэщI **Кривко Михаил**. Абыхэм къаIэтащ щытыкIэр нэхъыфI зыщIыну программэ зэхэгъэувэным епха Iуэхухэр, хамэ къэралхэм къраш джэдылымрэ мэкъумэш IэнатIэм къыщагъэсэбэп щIыгъэпшэрхэмрэ дыдейхэмкIэ зэхъуэкIыным ехьэлIауэ щыIэ Iэмалхэр, хабзэм къемызэгъыу хущхъуэхэм я уасэхэм хэзыгъахъуэхэм зэрыпэщIэтыну щIыкIэр, нэгъуэщIхэри.

Егоровэ Татьянэ зэIущIэм щыжаIар къыщызэщIикъуэжым къыхигъэщащ къаIэта Iуэхухэм я хэкIыпIэхэр къэгъуэтыным ехьэлIауэ депутатхэр дэIэпыкъуэгъу хъуну зэрыхьэзырыр.

***КъБР-м и Парламентым и пресс-IуэхущIапIэ.***



# Гъатхэм и Iэдий щхъуантIэхэр

**Дыкъэзыухъуреихь щIыуэпсым и щытыкIэ зэхуэмыдэхэмрэ абыхэм яIэ плъыфэ зэмыщхьхэмрэ игу ирибубыдэурэ, дунейм и зэхэлъыкIэм нэхъ кууэ хищIыкI хъуурэ, цIыхум бгъэдэлъ щIэныгъэм зиузэщIащ лIэщIыгъуэкIэрэ. Нэхъыбэу абы гулъытэ зыхуищIыр къэхъукъащIэхэрат. Дунейм тет лъэпкъ нэхъыжь дыдэхэм ящыщ адыгэхэм я гъащIэр мэкъумэш щIэным, Iэщ зехуэным теухуауэ щытти, абыхэм ехьэлIа Iуэхугъуэ псоми зрагъэужьырт. Ар Iупщy щынэрылъагъущ ижь-ижьыж лъандэрэ адыгэхэм къыддекIуэкI хабзэхэмрэ зетхьэ лъэпкъ хьэлымрэ. Абыхэм хеубыдэ ди махуэрыбжэри.**

ЩIЭНЫГЪЭ-КЪЭХУТЭНЫГЪЭ лэжьыгъэ цIэрыIуэхэм къазэрыхэщыжымкIэ, адыгэм ипэкIэ илъэсыр Iыхьиту ягуэшу щытагъэнущ - гъэрэ щIырэ, нэгъуэщIу жыпIэмэ, гъэмахуэ пIалъэрэ щIымахуэ пIалъэрэ. Абы и щыхьэту къыщIэкIынщ нобэ ди гъащIэм хэт псалъэухар: «Гъэрэ щIырэ зэхэкIащ». Нэхъ иужьыIуэкIэ илъэсыр пIалъиплIу ягуэш хъуащ: гъатхэ, гъэмахуэ, бжьыхьэ, щIымахуэ. Мыбы дэтхэнэ зыми мазэ щырыщ яубыдырт. Мазэм махуэ 30, ауэ щыхъукIэ, илъэсым махуэ 360-рэ къриубыдэу апхуэдэт. ЗэрыгурыIуэгъуэщи, илъэс къэс махуэ зытхух къыдидзэрт. Ахэр адыгэхэм тхьэлъэIу махуэхэу къалъытэу щытащ. Апхуэдэ тхьэлъэIу махуэхэм ящыщт гъэрэ щIырэ щызэхэкI махуищыр, IутIыж, вакIуэдэкI, вакIуэихьэж, удзыпсзэутх, гъубжэдэх, Созэрэщ и тхьэлъэIу, Тхьэшхуэгухьэж, хъуромэ махуэхэр, нэгъуэщIхэри.

Дунейм и щытыкIэм хуэнабдзэгубдзаплъэ нэхъыжьхэм гу нэхъ зылъатэр дыгъэм, мазэм, вагъуэхэм я щытыкIэрт. Псалъэм папщIэ, дэтхэнэ къуажэми зы бгыщхьэ е Iуащхьэ, жыг хута гуэрхэр яIэти, абыхэм я щхьэщыгум дыгъэр къиувамэ, къулъшыкъу, къулъшыкъушхуэ, шэджагъуэ хъуащ, жаIэрт. ПсэупIэ унэхэм я гупэхэр къуэкIыпIэм нэхъ хуэгъэзауэ щытти, бжэ, щхьэгъубжэ дазэхэм къыдидз дыгъэ бзийхэмкIэ къащIэрт махуэм и пIалъэхэри. Махуэм и кIуэцIкIэ мыхьэнэшхуэ зратхэм ящыщт дыгъэм, ар зытепсэхэм ядз ныбжьхэм. Жэщым гъуазэу къагъэсэбэпырт вагъуэхэр, вагъуэбынхэр.

Апхуэдэу илъэсыр IыхиплIу зэрагуэшыр адыгэхэм ирапхырт «ВагъуэбэкIэ» зэджэ вагъуэбыным. Ди анэдэлъхубзэм къыхэнауэ иджыри хэтщ мыпхуэдэ жыIэгъуэхэр: «Вагъуэбэр щIым къыхэкIащ», «Вагъуэбэр гъавэм къыхэплъащ», «Вагъуэбэр жыг щхьэкIэм хыхьащ», «Вагъуэбэр щIым хыхьэжащ». Мы псалъэухахэм ящыщ дэтхэнэми мыхьэнэ пыухыкIа иIэт икIи гъэм и зэман хэхам епхауэ жаIэрт.

Вагъуэбэр щIым къыхэкIауэ къыщалъытэр гъатхэм и деж махуэмрэ жэщымрэ зэхуэдэ щыхъу зэманырт. Иджырей ди махуэрыбжэм тепщIыхьмэ, 2022 гъэм ар зыхуэзэр гъатхэпэ (март) мазэм и 20 - 21-рщ. Абы ирихьэлIэу адыгэхэм илъэсыщIэр къихьауэ къалъытэрт. «Гъэрэ щIырэ зэхэкIащ», - жаIэрт абы щыгъуэ.

Дяпэ ита нэхъыжьхэм а махуэр Iэтауэ ягъэлъапIэрт. ИлъэсыщIэр къыщихьэу къалъытэ а зэманым теухуауэ унагъуэ къэс мафIащхьэтыхь (иужькIэ «мафIащхьэ джэд» жаIэ хъуащ) ящIырт, гъэфI къаритыну Тхьэм елъэIурт, щIалэгъуалэр хъуромэ джэгурт, къуажэбгъухэм гуфIэгъуэ зэхыхьэхэр къыщызэрагъэпэщырт. Пшапэр зэхэуа нэужь, зи дэкIуэгъуэ пщащэ цIыкIухэм джэш ядзырт, пIэщхьагъ зыдагъуэтыну щауэр къащIэн мурадкIэ. Сытми, нэжэгужэу, гукъыдэжрэ дэрэжэгъуэрэ яIэу махуэр ягъакIуэрт.

ЩIыуэпсым и щытыкIэмрэ дыгъэм и къепсыкIэмрэ, мазэм игъуэта теплъэмрэ вагъуэхэм я зэхэувэкIэхэмрэ ятепщIыхьмэ, нобэ Вагъуэбэр щIым къыхэкIащ. Гъатхэм и Iэдий щхъуантIэхэм щIылъэм хуиту зыщаукъуэдий, гъэрэ щIырэ щызэхэкI зэманщи. Гъыбзи псалъи щIэмылъу дэнэкIи щоIу гъатхэм и бзэ дахэр, зэхэзых псори: цIыхуи, удзи, псэущхьи – щыгуфIыкIыу, дунейр къыщыушыж а зэман дахэм гугъапIэщIэхэмрэ мурадыщIэхэмрэ хуагъэпсу.

Дэри аращ. Гъэ бэв диIэну, илъэсыр угъурлыуэ къытхущIэкIыну, насып къытхуихьыну, блэкIа илъэситIым дызыгъэгузэва узыфэ хьэлъэм хуэдэхэм дяпэкIэ дунейр зэщIамыщтэну, зэрыхьзэрийрэ зауэ-банэрэ щымыIэу, узыншэу етIанэгъэ пIалъэ фIыгъуэкIэ дынэсыну Тхьэм жиIэ!

**КЪАРДЭН Маритэ.**

# ЦIыхубэм дагъэлъапIэ

**Ди планетэм тет къэралхэм я нэхъыбэм гъатхэпэм и 20 - 21-хэм «ЩIым и махуэ» зи фIэщыгъэ Iуэхугъуэхэр щрагъэкIуэкI. КъимыдэкIэри, абдежращ дыгъэм и нэхури жэщым и кIыфIри, я кIыхьагъкIэ, зэхуэдэ щыхъур. КъызэралъытэмкIэ, а лъэхъэнэ кIэщIым къриубыдэу щIыуэпсым и щытыкIэм зехъуэж.**

ДЫЗЭРЫЩЫГЪУАЗЭЩИ, адыгэхэри ящыщщ гъатхэпэм и 21-р ИлъэсыщIэ къыщихьэ махуэу къэзылъытэхэм. АрщхьэкIэ мыбдежыр, ищхьэкIэ зэрыщыжытIащи, къэрал куэдым къыщалъытэ гуфIэгъуэщ. АтIэми, ООН-м и штаб-фэтэру Нью-Йорк щыIэм илъэс къэс гъатхэпэм и 21-м къыщоуэ Мамырыгъэм и тхьэгъушыр.

Ди къэралым ЩIым и махуэр гъэлъэпIэн щыщIадзар 1998 гъэращ. Мамырыгъэм и тхьэгъушыр япэу щагъэджар 2008 гъэращ. Абдежым къыщегъэжьауэ, Урысей Федерацэм ЩIыуэпсым и хъугъуэфIыгъуэхэмрэ экологиемкIэ и министерствэм, УФ-м и Къэрал Думэм ЩIыуэпсыр къэгъэсэбэпынымрэ экологиемкIэ и комитетым, Урысейм и Президентым деж щыIэ Жылагъуэ палатэм, властым и федеральнэ IуэхущIапIэ бжыгъэм а махуэм гулъытэ хэIэтыкIа хуащI икIи ар гъэ къэс цIыхубэм дагъэлъапIэ.

## Тхыдэм щыщщ

XIX лIэщIыгъуэм и 40 гъэхэм Америкэм и Штат Зэгуэтхэм и Небраскэ штатым и унагъуэр и гъусэу Iэпхъуа Мортон Джон, прерие губгъуэ гъунэншэм гъунэгъу щыхуэхъум, гу лъитащ нэм къыхуэмыубыд тафэм жыг закъуэтIакъуэххэ фIэкIа зэримытым. ЩIыуэпсым и щытыкIэр гукIэ зыхэзыщIэ цIыхум асыхьэту и нэгу щIэкIащ а къэщIыгъэ тIэкIухэри иужь иту къэIэпхъуэхэм унэлъащIэ папщIэу къызэрагъэсэбэпынур.



Жьауэ зыщI щхъуантIагъи имытыжу къэнэнкIэ хъуну губгъуэшхуэм «зигу щIэуза» зэлIзэфызым, адэкIэ гупсысэ лейм зрамыгъэхьу, щыпсэуну къыхаха щIыпIэм и Iэгъуэблагъэм жыгыщIэ цIыкIухэр щыхасащ, телъыджэр арищи, я гъунэгъуу къэтIысахэри Мортон зэщхьэгъусэхэм я щапхъэм иригъуэзащ. ГукъэкI дахэр къыщрахьэжьа щIыпIэм къикIри, зи щIыгум нэхъри хэзыгъахъуэ къэралыщIэм щIыуэпсым пщIэ хуэзыщIу зыкъэзылъытэжу ис цIыху псоми къызэдащтащ. «ЩIым и махуэ» ар щыхъуар 1970 гъэращ.

## Мыбдежым Iуэху цIыкIуфэкIу щыщыIэкъым

ЩIым и махуэм теухуа Iуэхугъуэхэр езыгъэкIуэкIхэм къалэн нэхъыщхьэу зыхуагъэувыжыр дыкъэзыухъуреихь дунейр хъумэным и мыхьэнэр дэтхэнэ цIыхуми, псом хуэмыдэу къытщIэхъуэ щIэблэм, захегъэщIэнырщ икIи абы хуэгъэза лэжьыгъэхэр къызэгъэпэщынырщ.

Языныкъуэхэм къытфIощI дыкъэзыухъуреихь дунейр зы цIыху къарукIэ нэхъ дахи IуплъэгъуафIи тхуэмыщIыну. Ауэ ар щыуагъэщ - щIыуэпсыр хъумэным ехьэлIа лэжьыгъэхэр езым и деж дэтхэнэми къыщыщIидзэжыпхъэщ. Ар шэч къызытумыхьэнщ.

Ауэ щыхъукIи, мы махуэм дигу къегъэкIыж щIыуэпсыр къабзэу щыгъэтыным дэтхэнэми хэлъхьэныгъэ нэрылъагъу зэрыхуищIыфынури. Дауэ мыхъуами, мыбдежым Iуэху цIыкIуфэкIу щыщыIэкъым. Сыт хэлъыр кIэрыхубжьэрыхур къапщтэу сэмб щхьэхуэ иплъхьэным е пхъэнкIийр къыумыхьэжьэ щIыкIэ абы хэлъ пластикымрэ пкъыгъуэ быдэхэмрэ зэхэбдзыным. Ахэращ, Iуэху къызэрыгуэкIыу къытщыхъуми, ЩIыр щыпсэугъуафIэу къызэтезыгъэнэнур.

А псом къадэкIуэуи зыщыдгъэгъупщэн хуейкъым дызытет ЩIы Хъурейр хъумэнымрэ зэIузэпэщ щIынымрэ ехьэлIа лэжьыгъэхэр сыт хуэдэ зэманми зэрегъэкIуэкIыпхъэр.

**КЪУМАХУЭ Аслъэн.**

# Мы махуэхэм

**Гъатхэпэм и 19**, *щэбэт*

**♦Iуэхутхьэбзэ зыхуащIэм и дунейпсо махуэщ**
**♦Урысейм и псыщIагъырыкIуэ кхъухьхэм къулыкъу щызыщIэхэм я махуэщ**
♦**1930 гъэм** къалъхуащ композитор, УФ-м щIыхь зиIэ и артист **Къашыргъэ Билал**.
♦**1945 гъэм** къалъхуащ къэфакIуэ, КъБР-м щIыхь зиIэ и артисткэ **ДзыхьмыщI Зарэ.**

**Дунейм и щытыкIэнур**
«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык уфауэ, къешх-къесу щыщытынущ. ЩIыIэр махуэм градуси 2, жэщым градуси 5 - 3 щыхъунущ.

**Гъатхэпэм и 20**, *тхьэмахуэ*

**♦ЩIым и дунейпсо махуэщ**
**♦Насыпым и дунейпсо махуэщ**
**♦Астрологием и дунейпсо махуэщ**
**♦Социальнэ лэжьыгъэм и дунейпсо махуэщ**
**♦Лы мышхыным и дунейпсо махуэщ**

♦**1944 гъэм** Докшукинэ спирт заводым, зэрагъэпэщыжа нэужь, лажьэу щIидзэжащ.
♦**1992 гъэм** «Урысей Федерацэм и ЛIыхъужь» цIэмрэ «Дыщэ вагъуэ» медалымрэ ягъэуващ.
♦**1967 гъэм** къалъхуащ композитор, КъШР-м гъуазджэхэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ **Абдокъуэ Юрэ**.

**Дунейм и щытыкIэнур**
«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык уфауэ, къешх-къесу щыщытынущ. Махуэм щIыIэр градуси 2, жэщым щIыIэр градуси 8 - 6 щыхъунущ.

**Гъатхэпэм и 21**, *блыщхьэ*

**♦Лъэпкъ зэхэгъэж зэращIым ебэныным и дунейпсо махуэщ**
**♦Усыгъэм и дунейпсо махуэщ**
**♦Гуащэ зыщIым и дунейпсо махуэщ**
**♦Даун узыфэр зыпкърытхэм я дунейпсо махуэщ**
**♦Мэзхэм я дунейпсо махуэщ**
**♦Гуащэ театрым и дунейпсо махуэщ**
**♦Гъэрэ щIырэ щызэхэкI махуэщ**
♦**1918 гъэм** Къэбэрдеймрэ Балъкъэрымрэ совет властыр щагъэуващ.
♦**1910 гъэм** къалъхуащ адыгэ тхакIуэ **Махъсидэ Залымхъан**.
♦**1940 гъэм** къалъхуащ УФ-м щIыхь зиIэ, АР-м и цIыхубэ артисткэ **Жанэ Нафисэт**.
♦**1958 гъэм** къалъхуащ Абхъаз Республикэм и президенту щыта **Хаджимбэ Рауль.**
♦**1960 гъэм** къалъхуащ сурэтыщI, Адыгейм щIыхь зиIэ и художник **Хъуажь Рэмэзан.**
♦**1961 гъэм** къалъхуащ биологие щIэныгъэхэм я доктор, КъБКъМУ-м и профессор **Джатокъуэ Олег**.

**Дунейм и щытыкIэнур**
«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык уфауэ щыщытынущ. Хуабэр махуэм градуси 2 - 3, жэщым градуси 4 щыхъунущ.

*Зыгъэхьэзырар*
**ЖЬЭКIЭМЫХЪУ Маринэщ.**

Лъэпкъ Iущыгъэ:

**Акъылыр Iуэхум и лъапсэщ.**

Юбилей

# Гум псори къонэ

## ТхакIуэ ШэджыхьэщIэ Хьэмыщэ къызэралъхурэ илъэс 90 ирокъу

**И иужьрей тхылъым и Iэрытхыр хьэзыр хъуауэ, дунейм ехыжащ ар зи Iэдакъэщ1экI тхакIуэ ШэджыхьэщIэ Хьэмыщэ. Ди литературэм хэджэлыкIащ абы и лэжьакIуэ цIэрыIуэхэм ящыщ зы - и мурад псори мызэщIауэ, куэд хузэфIэкIами, нэхъыбэжым хуэпабгъэрэ и къару илъыгъуэу.**





ДУНЕЙМ щехыжкIэ цIыхум къызэренэкI и гуащIэр, и лэжьыгъэр, и цIэр. МылIэжын щыIэкъым - псэ зритам ящыщ зыи зэмыбэкъуэфын хабзэщ ар. ЦIыхур мылIа пэлъытэщ, абы и гуащIэр, и лэжьыгъэр, и цIэр бэм ягу къинэмэ. ТхакIуэм дунейм къытринэр уасэ зимыIэ фIыгъуэщ - абы и къалэмыпэм къыщIэкIа тхыгъэхэр гъащIэ кIыхь хъу хабзэщ щахуэфащэм деж. Апхуэдэ тхыгъэ куэд кьызэринэкIащ ШэджыхьэщIэ Хьэмыщэ - ди литературэм и жьантIэр къалъысауэ, цIыхум гукъинэ ящыхъуауэ. Зыми шэч къытрихьэжынкъым ШэджыхьэщIэ Хьэмыщэ и тхыгъэхэм ди литературэм, псалъэм папщIэ, прозэм, лъэбакъуэщIэ зэрырагъэчам - и рассказхэми, и повестхэми, и романхэми. А псом я пщIэмрэ я мыхьэнэмрэ литературнэ щIэныгъэм игъэбелджылын хуейуэ къыпэщылъщ, шэч зыхэмылъыжыращи, ШэджыхьэщIэ Хьэмыщэ дунейм къытринащ ди лъэпкъ художественнэ культурэм и тхыдэр зыгъэбжьыфIэн гуащIэрэ лэжьыгъэрэ.

ШэджыхьэщIэ Хьэмыщэ Абейкъуажэм (Урожайнэ) 1932 гъэм къыщалъхуащ, курыт еджапIэр абы къыщиухащ, 1951 - 1954 гъэхэм дзэм къулыкъу щищIащ, 1954 - 1961 гъэхэм Урожайнэ районым щылэжьащ - комсомолым и райкомым, районым къыщыдэкI газетым, райисполкомым, зэрылажьэм хуэдэурэ къиухащ Ростов къалэм дэт Парт школ нэхъыщхьэр. 1961 - 1962 гъэхэм Хьэмыщэ «Советская молодежь», «Ленин гъуэгу» газетхэм я къудамэхэм я унафэщI къулыкъур зэрихьащ, иужькIэ Дзэлыкъуэ, Шэджэм районхэм къыщыдэкI газетхэм я редактор нэхъыщхьэу (1962 - 1966 гъэхэм), 1966 гъэм къыщыщIэдзауэ республикэм и полиграфкомбинатым и директору лэжьащ, а IэнатIэм здыпэрытым Хьэмыщэ къаруушхуэ ирихьэлIащ полиграф промышленностым зегъэужьыным. 1970 - 1980 гъэхэм Хьэмыщэ «Ленин гъуэгу» газетым культурэмкIэ и къудамэм и унафэщIщ, 1980 -1981 гъэхэм ЩоджэнцIыкIу Алий и цIэр зезыхьэ театрым и директорщ, 1982 гъэм къыщыщIэдзауэ илъэс 15-кIэ щылэжьащ «Эльбрус» тхылъ тедзапIэм - редактору, редакцэм и унафэщIу; иужькIэ - Къэбэрдей-Балъкъэрым и ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэм деж щыIэ Литературнэ фондыр зэрихьащ, а зэгухьэныгъэм и правленэм и консультант къулыкъум пэрыту Хьэмыщэ 1999 гъэм бадзэуэгъуэм и 23-м дунейм ехыжащ.

ТхакIуэ къалэмыр здыIэщIэлъым, Хьэмыщэ жылагъуэ лэжьыгъэм жыджэру хэтащ. Шэджэм район советым, Налшык къалэ советым я депутату щытащ, творческэ организацэхэм, союзхэм я унафэщIхэм яхэтащ. Литературэм щиIэ фIыщIэм папщIэ ШэджыхьэщIэ Хьэмыщэ къыфIащауэ щытащ «Къэбэрдей-Балъкъэрым и цIыхубэ тхакIуэ» цIэ лъапIэр. Апхуэдэущ ар дэнэ щIыпIи къыщащIыхуу зэрыщытар - цIыхубэм пщIэ зыхуащI, ягъэлъапIэ тхакIуэущ, цIэрыIуэ дыдэ хъуауэ, и псалъэ жаныр цIыхум гунэс ящыхъуауэ.

ШэджыхьэщIэ Хьэмыщэ и япэ тхылъыр («Уи пщэдджыжь фIыуэ, Тэрч») дунейм къыщытехьар 1975 гъэрщ. Абы щыгъуэ Хьэмыщэ и ныбжьыр илъэс 40-м итт, лIыпIэ иуват, гъащIэм и IэфIи и дыджи илъэгъуауэ, абы и «щэхуми» и «нахуэми» кууэ щыгъуазэ хъуауэ. «Уи пщэдджыжь фIыуэ, Тэрч» тхылъым деж Iупщ1 щыхъуауэ щытащ зи псалъэр жан, зи гупсысэр куу тхакIуэ набдзэгубдзаплъэ ди литературэм къызэрыхыхьар - абы щыхьэт техъуащ а тхылъым ит повестри рассказхэри. Абдеж къыщыщIэдзауэ, Хьэмыщэ и цIэр жылэм хэIуащ, и тхыгъэхэр щIэх-щIэхыурэ дунейм къытехьэурэ, цIыхур ятхьэкъуащ. ТхакIуэ куэдым я натIэ хъуркъым ар - цIыхум щIэх дыдэ яхэIуэныр. Дауи, апхуэдэ насып къызэуалIэр псалъэм и гуащIэр цIыхум зыхезыгъэщIэф, абы и гущIэлъапсэм къипсэлъыкIыф, къалэм жан зыгъэбзэф тхакIуэрщ. Хьэмыщэ апхуэдэ тхакIуэт - цIыхур зригъэдэIуэнрэ абы и гур къызэрихьэхунрэ зи гъунэж тхакIуэ Iумахуэт. Апхуэдэуи къыхэнащ ар ди литературэм, а цIэр и гуащIэрэ и лэжьыгъэкIэ къихьауэ.

«Уи пщэдджыжь фIыуэ, Тэрч» тхылъыр дунейм къытехьэри, абы къыкIэлъыкIуа гушыIэ, ауан рассказхэри цIэрыIуэ дыдэ хъуауэ, Хьэмыщэ къыщеупщI куэдрэ къэхъурт: «Илъэс плIыщIым ущхьэдэхыху уи тхылъ щхьэ къыдэмыкIарэ, сыт узыпэплъар?» Апхуэдэ упщIэм тхакIуэм ирит хабзэ жэуапыр гурыIуэгъуэщ. Апхуэдабзэуи гурыIуэгъуэщ: илъэс плIыщI ныбжьым щхьэдэхауэкъым Хьэмыщэ къалэмыр къыщищтар. ЩIалэ ныбжьым щита лъандэрэ IэщIэлъащ Хьэмыщэ тхакIуэ къалэмыр, ауэ ар хуепIэщIэкIакъым и тхыгъэхэр цIыхум я пащхьэ зэрырилъхьэным - аращ тхакIуэ нэсым и хьэлыр. Апхуэдэ хьэл зэрыхэлъам зэи хущIегъуэжакъым Хьэмыщэ: аращ зи фIыгъэр Хьэмыщэ и «Уи пщэдджыжь фIыуэ, Тэрч» тхылъри абы къыкIэлъыкIуа тхыгъэхэри узэщIауэ, сыт и лъэныкъуэкIи нэщIысауэ дунейм къызэрытехьар.

Хьэмыщэ и цIэр япэу зыгъэIуа «Уи пщэдджыжь фIыуэ, Тэрч» тхылъым иужькIэ дунейм къытехьащ абы и къалэмыпэм къыщIэкIа тхыгъэ хьэлэмэт куэд: «Дыщэм ефIэкIыу» (1977), «Дыщэр дыщэпс хуэныкъуэкъым» (1980), «Мазизэ» (1989) повестхэр, «Гум псори къонэ» (1984), «Тэрч щыхьэтщ» (1987), «ЛъыщIэж» (1992) романхэр, рассказхэр щызэхуэхьэса «ХьэмлатIиф, къэгъэзэж» (1980), «СыпIэскIуащэрэт жызоIэ» (1992) тхылъхэр. Мыбдежым зи цIэ къыщитIуауэ зы тхылъи лъэужьыншэ щыхъуакъым ди литературэм, абыхэм цIэрыIуэ дыдэ ирихъуащ тхакIуэр, илъэс зыбгъупщIым и кIуэцIкIэ ар ябгъурыуващ ди литературэм куэд щIауэ щылажьэ тхакIуэ пажэхэм. ТхакIуэм и насыпщ абы и Iэдакъэ къыщIэкIа тхыгъэр цIыхум я деж нэсмэ, цIыхум я гум дыхьэн тхыгъэ къигъэщIыфамэ. АбыкIэ насыпыфIэт Хьэмыщэ: абы и дэтхэнэ тхылъми щIэупщIэ иIащ, дяпэкIи иIэнущ. Щхьэусыгъуэр гурыIуэгъуэщ: Хьэмыщэ хузэфIэкIырт цIыхум и гум къипсэлъыкIын, цIыхум и гурыгъугурыщIэхэр кууэ къыщIигъэлъэн, а гурыгъу-гурыщIэхэр псалъэ шэрыуэкIэ иIуэтэфын. Аращ Хьэмыщэ ди тхакIуэ цIэрыIуэ дыдэхэм ящыщ зы щIэх дыдэ щIэхъуар. Сэ куэдрэ срихьэлIащ: IуэхукIэ гъуэгу дытехьауэ зыщIыпIэ дыкъыщыувыIэн хуей хъуамэ, е нэхъыжь, е нэхъыщIэ гуэр къыбгъэдыхьэрти, Хьэмыщэ фIэхъус кърахырт, зи ужь ит тхыгъэщIэхэмкIэ къеупщIырт. ФIэхъус къезыхам, къыщIэупщIам, игъащIэ лъандэрэ и нэIуасэ гуэр фIэкIа умыщIэну, дэуэршэрырт езы Хьэмыщи. ДежьэжауэдыздэкIуэм, «Хэтыт ар, дэнэ щыпцIыхурэ?» жыпIэрэ уеупщIамэ, Хьэмыщэ и дамэр дригъэуейрт: «Уэлэхьи, сымыщIэ, сымыцIыху». Ар си нэгу щыщIэкIащ, къэбэрдей жылагъуэхэм нэмыщI, Адыгейми Шэрджэсми - зэгъусэу дежьауэ. Ар щыхьэт зытехъуэр зыщ: Хьэмыщэ езыри и тхыгъэхэри цIэрыIуэ дыдэ хъуауэ зэрыщытарщ, пщIэрэ нэмыс-рэ дэни зэрыщиIарщ. Абы щхьэкIэ зыкъыфIэщIыжауэ зылъэгъуа щыIэкъым, жьыми щIэми яхэгъуащэ, псоми бзэ къахуэзыгъуэт, ныбжьэгъу зыIыгъыф, пщIэ зиIэ, и щхьэм и пIалъэр зыщIэж цIыху угъурлыт Хьэмыщэ. Апхуэдэущ ар и ныбжьэгъухэми и лэжьэгъухэми яцIыхуу зэрыщытар.

ИщхьэкIэ зэрыщыжытIащи, ШэджыхьэщIэ Хьэмыщэ и тхыгъэхэм я пщIэмрэ я мыхьэнэмрэ, абы ди литературэм хилъхьа гуащIэр щаджынур, щахутэнур дяпэкIэщ, а псор мы тхыгъэ мащIэмкIэ къыпхузэщIэкъуэнукъым, апхуэдэ къалэни зыщыхуэдгъэувыжакъым мыбдежым. Хьэкъыращи, Хьэмыщэ и тхыгъэхэр (и рассказхэри, и повестхэри, и романхэри) ди литературэр зыгъэбжьыфIэ хъугъуэфIыгъуэщ, абы и тхыдэмрэ и нобэмрэ куэдкIэ къулей дэхъуауэ.

ШэджыхьэщIэ Хьэмыщэ и прозэм бжьыпэр щызыIыгъыр, дауи, «ЛъыщIэж» романырщ. Езы тхакIуэми ар зыхилъхьэ щыIакъым. Сэ сыщыгъуазэщ а романым Хьэмыщэ щIэх зэрытемыгушхуам: абы и лъабжьэр тхыдэрти, тхакIуэм ирикуртэкъым, ар зэрыхуейм хуэдэу имыIуэтэфынкIэ шынэрти. Иужьрей илъэс тIощIырыпщIым дунейм къытехьащ адыгэ тхыдэр лъабжьэ зыхуэхъуа тхыгъэ пIащэ зыбжанэ. Тхыдэр гъэбэтэгъуафIэкъым, псом хуэдэжкъым адыгэ тхыдэр - и щхьэусыгъуэм лейуэ утемыпсэлъыхьыжми. Апхуэдэ тхыгъэ куэд псыхэкIуадэ хъуауэ къыщIидзыжащ нобэ - ди тхыдэм и пэжыпIэр яIуэтэнкIэ хуитыныгъэ щагъуэта ди зэманым. Хьэмыщэ и романым ар къыщыщIакъым, тхыдэм и пэжыпIэр къыщIигъэлъэн хузэфIэкIат, ар зыгуэрхэм зэрафIэзахуэу щытам хуэдэу иIуэтатэкъыми. «ЛъыщIэж» романыр щиублэм, Хьэмыщэ иригъуэзакъым тхыдэм и «унафэщIхэм» я чэнджэщхэм: ар (адыгэ тхыдэр) ди пащхьэ кърилъхьащ а тхыдэр зи нэгу щIэкIа лъэпкъым и акъылрэ и гупсысэкIэ, аращ «ЛъыщIэж» романым и пщIэр ноби щIемыхуэхар, ар адыгэ тхыдэм и пэжыпIэр зи лъабжьэ тхыгъэ хьэлэмэтхэм ящыщ зы щIэхъуар.

Прозэм и закъуэкъым ШэджыхьэщIэ Хьэмыщэ бгъэдэлъ зэчийр къыщигъэлъэгъуар. Адыгэ театрхэм (Къэбэрдейми Шэрджэсми) щагъэуващ Хьэмыщэ и пьесэхэм къытращIыкIа спектаклхэр: «Гъуэгу техьэ къытенэркъым», «Хэт къуаншэр?», «Дыбгъэунэхъурти, Зузэ» «Ди гуэныхьхэр», «Гум и щэху», нэгъуэщIхэри. Ахэр щыхьэт зэрытехъуэщи, ШэджыхьэщIэ Хьэмыщэ а литературэ лIэужьыгъуэм и «щэхухэм» кууэ щыгъуазэ драматург гъуэзэджэуи щытащ, цIыхур зригъэдэIуэнрэ и акъылыр зэригъэлэжьэн гупсысэ жанрэ и куэду.

ГушыIэ рассказ лIэужьыгъуэм куэд щIауэ зыщеужь ди литературэм, апхуэдэ гуэр зи къалэмыпэм къыщIэмыкIа яхэбгъуэтэнукъым ди тхакIуэхэм - ди тхыбзэр щызэфIэувам къыщыщIэдзауэ нобэм къэсыху.

Ди литературэм куэд щIауэ зыщиужьми, гушыIэ рассказым утыкур нэхъ щиубыдар, дауи, иужьрей илъэс тIощIырыпщIырщ: я цIэ къипIуэфынущ апхуэдэ тхыгъэ хьэлэмэт куэд зи Iэдакъэ къыщIэкIа тхакIуэ зыбжанэм. Абыхэм ящыщщ ШэджыхьэщIэ Хьэмыщи - абы и къалэмыпэм къыщIэкIащ, зэрыжытIащи, гушыIэ, ауан рассказ тхылъ зыбжанэ. Абыхэм ущеджэкIэ, гу лъумытэнкIэ Iэмал иIэкъым Хьэмыщэ и къалэмыпэм къыщIэкIа гушыIэ рассказыр нэгъуэщIым зэрыхэмыгъуащэм, и бзэкIи, и гъэпсыкIэкIи, и унэтIыкIэкIи къазэрыхэщым. Зэрыхабзэщи, Хьэмыщэ и гушыIэ рассказыр купщIафIэщ, щIэщыгъуэщ, узыIэпишэ зэпытурэ уноджыс, ущытезашэ къэхъуркъым. Ар зи фIыгъэр, псом япэрауэ, тхакIуэм бгъэдэлъа Iэзагъэрщ, гъащIэм кууэ хищIыкIыу, набдзэгубдзаплъэу зэрыщытарщ. Хьэмыщэ и гушыIэ, ауан рассказхэр апхуэдизкIэ цIэрыIуэ хъуащи, ахэр гукIэ зыщIэр куэдыкIейщ, гуп зэхыхьамэ, зэпадзыжу жаIэу урохьэлIэ. Ар я натIэ хъун ди гугъэщ Хьэмыщэ и рассказ куэдым - «Iэнэм лъакъуэ дапщэ щIэт?», «Сыти си Лэкъумэнт?», «Уи бийм уебгыну ухуей?», «ЗалымыгъэкIэ къызагъэшащ», «СыкъыпхуэкIуэжаи!», «Хъуэхъу», «Псэлъыхъу», «УбакIуэ», нэгъуэщIхэми. ЦIыхум гукъинэ ящыхъункIэ шэч къызытедмыхьэж рассказ псоми я цIэ къидмыIуэкIэ къуэдыкъым - дэтхэнэми гухэхъуэгъуэрэ дэрэжэгъуэрэ къаритынщ Хьэмыщэ и гущIэм къиIукIа псалъэ купщIафIэхэм. А псалъэхэр гукъинэ зэрыфхуэхъунум шэч къытесхьэркъым - ар хуэфащэщ ШэджыхьэщIэ Хьэмыщэ и псалъэм.

ЦIыхум гукъинэ ящыхъуащ ШэджыхьэщIэ Хьэмыщэ и псалъэхэр зыщIэлъ уэрэдхэри - щэ ныкъуэм ноблагъэ ахэр. ЦIэрыIуэ дыдэ хъуащ, псалъэм папщIэ, «УщытеткIэ, сыщытеткIэ зы дуней», «Хабзэ», «Мазэгъуэ жэщ», «Услъэгъуакъыми дыгъуасэ», «Уэрэду сиIэр уэрщ», «СщIэркъым уэ ухэтми» жыхуиIэхэр. ЗэрыжаIэ хабзэщи, уэрэдым и дамэр макъамэрщ, итIани, абы и пкъыр - псалъэр - мыжанмэ, уэрэдым икIунур мащIэщ. Макъамэр зышэщIыф, зыгъэIуф псалъэ шэрыуэ куэд къиIукIащ Хьэмыщэ и гущIэм - аращ абы и псалъэхэр зи лъабжьэ уэрэдхэр гъащIэ кIыхь щIэхъуар.

Гум псори къонэ. Хьэмыщэ и псалъэщ ар - апхуэдэцIэ фIищащ тхакIуэм и романхэм ящыщ зым. Гум псори къонэ - Iейри фIыри, гуапэри гуауэри, IэфIри, дыджри. И насыпщ цIыхум я гум фIыкIэ къинэм. Апхуэдэ насыпыр натIэ хуэхъуащ ШэджыхьэщIэ Хьэмыщэ - тхакIуэ гуащIафIэм. Абы къызэринэкIащ цIыхум я гум фIыкIэ къыщIинэн - и тхыгъэ хьэлэмэтхэр, и цIыхугъэр.

**КЪЭРМОКЪУЭ Хьэмид.**

Щыху гъэщІэгъуэнхэр ЛэжьэкІэщІэ

# ЛъыкІэ нарт лІэужь





*Йоуэри, си ныбжьэгъужьу Бабыгуей Мухьэмэд (и цІэ лейр Сосрыкъуэщ) къопсалъэ си деж, «Бахъсэн дыбгъэкІуамэ арат, абы дэс Гъуэтыж БетІал дыхуэззэн папщІэ. Спортсмен лъэрызехьэу щытащ, къуд игъэхъащ, иджы ныбжь иІэу етІысэхыжащи, и лъапсэ исыжщ. Псапэт, дыбгъэплъамэ», - жеІэри.*

*ДЫКІУАЩ, пэжщ ныбжьэгъум жыхуиІа махуэракъым, атІэ зэманыфІ дэкІауэщ, Іуэху диІэу Бахъсэн и Ігъуэблагъэм дыкъыщыщІидзарщ.*

*Гъуэтыж БетІал абы ипэкІэ слъэгъуауэ къысхуэщІэжыртэкъым, ауэ, Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и къэунэхугъуэм хэтахэм ари зэращыщыр къызжаІэм, сегупсысыжащ а лъэхъэнэм слъэгъуаүи срихьэлІаүи къызэрыщІэкІынум. Сыту жыпІэмэ, абы щыгъуэ радиом сыщылажьэрти, сэри щІэхщІэхыурэ сыкІуэрт а жылагъуэ зэгухьэныгъэм и зэхуэсышхуэхэм.*

*Арати, дынэсащ зи гугъу тщІым и лъапсэм. КъыдэкІащ гуапагъэр зи нэгум къищ лІы хэщІыхьа лъагъугъуафІэ. Дригъэблэгъащ и хэщІапІэм. Дунейр зэрыщІыІэбжьыр къилъытэри, дыщІишащ и унэм. Спортым ехьэлІа и Іуэху еплъыкІэт дыкъыщІежьари, деупщІу щІэддзащ.*

**- БетІал, зыкъэдгъэцІыхужыт.**

- Къулъкъужын къуажэ сыкъыщыхъуащ. Илъэс 18 иджыри сримыкъупауэ, 1965 гъэм военкоматым зыпысщІэри, шофёр ІэщІагъэм щыхурагъаджэ еджапІэм сыщІэтІысхьащ. Ар къызэрызухыу, армэм сыдашащ.

**- Дэнэ щІыпІэт укъыщыщІидзар?**

- Къэзахъстаным и Семипалатинск къалэм хэщІапІэ щызиІэ дзэм хэт ухуэныгъэмкІэ батальоным сыхэхуат. Абы щыгъуэ спортым ехьэлІауэ зэфІэкІ гуэрхэр збгъэдэлъу сэ езым зыдэсщІэжыртэкъым.

**- КъызэрыщІэбдзар дапхуэдэу, атІэ, БетІал?**

- Хьэмэмым зыгъэпскІакІуэ дыщыІэу, ди гъусэхэм ящыщ, си Іэпкълъэпкъым и зэхэлъыкІэм гу лъитати, къызэупщІащ: «Уээрызэгугъужар сыт хуэдэ спорт лІэужьыгъуэкІэ?» - жиІэри. КъыкІэлъыкІуэ кІуэгъуэм дезышэжьа старшинами апхуэдабзэу зыкъысхуигъэзащ: «Уи Іэпкълъэпкъым зебгъэужьын папщІэ, пщэдджыжьым сытхэм укъэтэджрэт, уи шхыныгъуэу щытахэми я гугъу къытхуэщІыт», - жиІэри.

**- Сытыт яжепІэр?**

- «Сыкъэтэджа иужь, тІэкІу сышхэрт, шей сефэрти, школым сыкІуэрт», - жысІэ щхьэкІэ я фІэщ хъуртэкъым. АтІэ, мыпхуэдэ Іэпкълъэпкъ зэгъэпэща дэнэ къыздипхар?» - щІэупщІэрт. «ДыкъэзыгъэщІам къызитагъэнщ!» япэздзыжырт. Апхуэдэу къыщІызэупщІыр къысхуэмыщІэу здекІуэкІым, казармэм щыдиІэ гъуджэшхуэм пщэдджыжь гуэрым сыбгъэдыхьэри сызэплъыжащ. Фи фІэщ зэрыхъун, слъэгъуар сэр дыдэм згъэщІэгъуэжащ: модрейхэм я Іэпкълъэпкъымрэ сысеймрэ зэрызэхуэмыдэр шумрэ лъэсымрэ хуэдэт. Зэрыщытар арапщи, абы ипэкІэ гъуджэм зэи хуиту сиплъатэкъым. Сыту жыпІэмэ, армэм сыкІуэху си пащІи, си жьакІи сыупсатэкъым, си щхьэцми селІэлІатэкъым.

**- Зыгуэр къызэрыпхэкІынур къыбгурыІуагъэнт.**

- Казармэм къедза пщІантІэм штангэ дэлъти, ар къеслъэфэкІыу щІэздзащ. Сигу къызэрихьар сщІэркъым, ауэ килограмм 90 хъу штангэр зэгуэрым лъакъуэ лъэныкъуэкІэ къэсІэтащ. Килограмми 100 сщІыри, ари си пщэм дэлъу сыкъыщытэджыжым си лъэгуажьэр тІэкІу къыхэузыкІати, егъэлеиныр щызгъэтащ, «унэм сыкІуэжмэ, гъэсакІуэ къэзгъуэтынщи, абы деж зыщызужьынщ» жысІэри. Ауэ килограмм 90-р зэпымыууэ къэсІэтащ.

**- АдэкІэ сытым ухуэкІуа, БетІал?**

- Армэм щыхэкІуэдащ си лъакъуэ сэмэгур. Къызыхэсхари хьэлъэ къэзІэтыныр аракъым, атІэ, зэгуэр зауэ Іуэхухэм дыхуагъасэу губгъуэм дыздитым шэ цІыва къэлъатэри, лъакъуэ сэмэгум и лъэтхьэмпэм къытехуащ. Абдежым сымаджэщым сашэри, си лъакъуэр операцэ ящІащ, етІуанэуи ящІащ, сытми мы си лъакъуэр къэмышыжу сыкъэкІуэжащ.

**- Апхуэдэу зэрыхъуам и зэрани къокІагъэнщ?**

- Спортыр къысфІэмыІуэхуж сищІат. Армэм сыкъикІыжа иужь, мыдэкІэ цІыхубз цІыкІу гуэр сепсалъэрти, сызэрыщІакъуэм гу лъитэри, зыкъыспигъэхуащ. Фадэр си нэрыгъыу илъэситІыр есхьэкІащ: адэанэр Къулъкъужын дэсу, сэ Бахъсэн сыщыІэрэ сыт сщІэми сыкъамылъагъуу. Ныбжьэгъу схуэхъуахэр, зэрыщыту, тутнакъэщым къикІыжарэ лъакъуэ лъэныкъуэкІэ иувахэр арауэ.

**- ЯтебгъэкІуадэр дэнэ къипхрэт?**

- Армэм сыкъызэрикІыжу, Бахъсэн автобус сыщыдагъэтІысхьати, ар си хэхъуапІэт. Къызгурымыуэжу сыхьэлэлыІуэти, зи гугъу сщІахэр къыскІэщІэсу арат. Апхуэдэу здекІуэкІым, пщэдджыжь гуэрым сычэфыжьыпкъэу къалэкум сыкъыщыхутащ, си нэхэр къипкІыным хуэдэу къиузыкІрэ си щхьэр фІихыу, си Іэпэхэр щІишэрэ фадэ къэзмыгъуэтынкІэ Іэмал имыІэу. ШхапІэ цІыкІум сыщыІыхьащ. ЩІэтым «грамми 150-рэ сегъафэ!» жесІати, кІэнфетитІ и гъусэу къызитащ. Ігъубжьэр къэсІэта къудейуэ, щхьэгъубжэмкІэ сыплъэмэ, щІалитІ сцІыхуу къэрокІуэ. СІэтар згъэувыжри сыкъыщІэжащ. Си щытыкІэр зэрынапэтехыр зыдэсщІэжырти, абы нэхъ Іеиж срихъурт. Си щхьэр зэрывууэ абдежым сыкъыІукІри, паркым жэщ хъухункІэ сисащ. Си гъащІэм зэрыщыту сриплъэжат. СызыщІэгупсысыжащ, «сыт сызезыхуэр?» жысІэри.

**- АдэкІэ сытым ухуэкІуа, БетІал?**

- Фадэми тутынми гущыкІ хуэсщІати, а лъэхъэнэм си насыпым зыкъриІуэнтІэкІри, къыздеджауэ щыта щІалэм спортым сыдригъэхьэжыжащ. Республикэми Кавказ Ищхъэрэми щызэхашэ зэпеуэхэм сыздишэурэ, гырэ къэІэтын щІызигъэдзэжащ.

**- Спорт зэгухьэныгъэ гуэрхэм ухэта?**

- Республикэм и адрей щІыпІэхэми хуэдэу, Бахъсэн къали щыдиІэт «Урожай» спорт зэгухьэныгъэ, хэтхэр езым я фІэфІыныгъэкІэ щызэхуэсауэ. СхужыІэнущ, а лъэхъэнэм КъБР-м гырэ къэІэтынымкІэ щекІуэкІа зэпеуэхэм япэ увыпІэхэр зэпымыууэ къыщысхьауэ. Ауэрэ, Кавказ Ищхъэрэм щрагъэкІуэкІ зэхьэзэхуэхэми бжыыпэр щызубыду щІэздзат.

**- Сыт хуэдэ илъэсхэрат ар зыхуэзэр?**

- 1970 - 1972 гъэхэм зи гугъу сщІы зэпеуэхэм я гуащІэгъуэт. Иужьрейуэ сыщыхэтыжар 1983 гъэращ. Илъэс 14-кІэ сыпэрытат гырэ къэІэтынми, зэи зыри зытезгъэкІуакъым. Штангэ хъуамэ, килограмм 90-р си плІэм дэздзэрти, лъакъуэ ижьымкІэ къэсІэтырт. Сэмэгум ар хузэфІэкІынутэкъым, удын игъуэтам иужькІэ.

**- Мыбдежым щытлъагъу тыгъэхэр абыхэм я щыхьэту къыщІэкІынщ.**

- «Урожай»-м и къудамэу Бахъсэн щыІэм и цІэкІи, республикэм и спорт комитетым къыбгъэдэкІыуи зэпеуэхэм сыкІуэрти, зэрыжысІауэ, текІуэныгъэхэр къыщысхьырт.

**- БетІал, уигу нэхъ къинахэм ящыщу сытым укъытхутепсэлъыхьынт?**

- Гырэ къэІэтынымкІэ зэпеуэшхуэ Къэрэшей-Шэрджэсым щекІуэкІырт. Зэхьэзэхуэм еплъыну цІыхушхуи къызэхуэсат. Дагъыстэным къикІа щІалэ ІэчІлъэчыр, ІэпкълъэпкъзэкІуж зиІэр утыкум къихьэри, гырэр зыкъомрэ къиІэтащ, Ігугуауэшхуи тращІащ. КъыкІэлъыкІуэу къэрэшей щІалэ кърашэри, Дагъыстэным къикІам хузэфІэкІам щыщІригъэгъум, стадионым исхэм, я макъым ину зрагъэІэтауэ, пабжэу щІадзащ. Іэтын щыщигъэтам, Ігуауэшхуэ къэІуащ, зи пыІэ дзэыдзеяи къахэкІащ. Чэзур къыслъысу, утыкум сэ, щІалэ къуэгъу лъахъшэ цІыкІур, сыщихьам, къыдэплъхэр зэщІэщымащ, «сыт махуэ, мо фІэкІа шэрай зимыІэм къыхуэІэтынур?!» жыхуаІэу. Гырэр Іэтын щІэздзэри, Дагъыстэным щыщым зэриІэта бжыгъэм щыщІезгъэгъуэм къызэхуэсахэр иджыри щэхут. Къэрэшей щІалэм зэриІэтам щыщІезгъэгъум, аргуэрыжьти псори даущыншэт, арщхьэкІэ сыщымыувыІэжыххэм, ину пабжэу щІадзащ. Зэхэсхыр джэрпэджэжу бгыхэмкІэ къиІукІырт. А макъым, джэрпэджэжым, къаруушхуэ нэхъри къысхилъхьауэ, еуэ соІэт, еуэ соІэт... Абдежым (си нэгу къыщІэувэжыр аращи), цІыхухэр зэщІэтэджауэ Ізгу йоуэ.

**- Дыкъезышэжьа щІалэм, Бабыгуей Сосрыкъуэ, зэрыжиІэмкІэ, щІалэгъуалэми уадэлэжьащ уэ, БетІал.**

- 1983 гъэм къыщыщІэдзауэ садэлэжьащ. НыбжьыщІэхэр зэрыІуэхуншэр слъагъурти, бззэрым и гъунэгъуу щыт унэхэм ящыщ зым и щІыунэм, щІалэщІэ гуэр си гъусэу, пэшитІ къыхэтщІыкІри, цІыхуи 150-м нэблагъэ некІуалІэ хъуүэ зэдгъэпэщат, дзюдо, акробатикэ, гырэ къэІэтын Іуэхухэмкіэ гупжьейуэ щы щызэхэтшауэ. Сэр нэмыщІ, гъэсакІуэу тІу сиІэт, зэлІ-зэфызу, физым акробатикэмкІэ «спортым и мастер» цІэ лъапІэр къыфІащауэ. «Пелуан» фІэщыгъэр иІэу клуб къызэІусхауэ арати, Бахъсэн райисполкомым тхуэфащэу дыкъилъытауэ, накъыгъэм и 1-м ирагъэкІуэкІ хабзэ парадхэм дыхигъэтт, фащэу тщыгъхэр сэ къахуэсщэхужауэ. Апхуэдизу ди гур етауэ дылажьэрти, илъэсым къриубыдэу спортымкІэ мастерым и кандидату зырэ япэ разряд зиІэхэу цІыхуи 8-рэ диІэ хъуат.

*Псэлъэгъум къытхуиІуэтэжа псоми мыбдежым я гугъу щытхуэмыщІми, дэ къызэрытлъытэмкІэ, насыпышхуэщ гъэсэныгъэ дахэ зыхэлъ, зи къэухьыр лъагэ, щІэблэм я дежкІи щапхъэ хъуфыну нэхъыжьыфІхэр лъэпкъым дызэриІэр.*

*ЕпсэлъарКЪУМАХУЭ Аслъэнщ.*



## НэхъыфІхэм хабжэ

**Санкцэхэр Урысейм къыщращІылІа мы лъэхъэнэм хамэ къэрал технологиехэм я пІэм иувэн ди къэралым къыщыщІэгъэкІыныр Іуэхугъуэ пэрыту къалъытащ.**

А КЪАЛЭНЫМ пэлъэщын ІуэхущІапІэ нэхъ лъэрыхьхэм ящыщ зыщ Къэбэрдей-Балъкъэрым и «Севкаврентген-Д» ООО-р. Иужьрей зэманым мыбы къыщІигъэкІ медицинэ технологиехэр Урысейм щекІуэкІ гъэлъэгъуэныгъэ нэхъ инхэм хэтщ икІи нэхъыфІ дыдэхэм хабжэ.

«Сабийхэм я узыншагъэр егъэфІэкІуэн, иджырей дунейпсо мардэхэм тету абыхэм япэ медицинэ Іуэхутхьэбзэр яхуэщІэн» къэрал проектым хиубыдэу Урысейм и щІыналъэ куэдым мы Іуэхущ ІапІэм и Іэмэпсымэхэр зыІэрагъэхьэ. Къапщтэмэ, Свердлов областым Іэмэпсымэ зэмылІэужьыгъуэу 24-рэ ирагъэшащ, адэкІи я зэфІэкІ псори ирахьэлІэнущ къыщІагъэкІ медицинэ Іэмэпсымэхэр егъэфІэкІуэнымрэ ахэр щащэ утыкухэм яхуэфащэ увыпІэ щаубыдынымрэ.

Сымаджэ хъуар япэу зэкІуалІэ ІуэхущІапІэхэр иджырей мардэхэм тету къызэгъэпэщыным теухуа программэр гъэзэщІэным къэралым хухихащ сом мелард 550-рэ. А ахъшэмкІэ амбулаторэхэр, фельдшер-акушер ІэнатІэхэр, щІыналъэ сымаджэщхэр яузэдынущ МРТ, КТ рентген аппаратхэмкІэ, маммографхэмкІэ, ультразвуковой сканерхэмкІэ, хирургическэ Іэмэпсымэхэмкіэ, ИВЛ, СРАР аппаратхэмкІэ, унэлъащІэхэмкІэ.

Мы Іэмэпсымэхэр къыщІэгъэкІыным пэлъэщыфыну компаниехэм я бжыгъэр иджыпсту 100-м щІегъу. Абы бжыыпэр щызыубыдыну хуейхэм хьэрхуэрэгъу нэс яхуохъу «Севкаврентген-Д» ООО-р. Ар жыджэру хэтщ «Экспоцентр» гъэлъэгъуэныгъэ проектым хиубыдэу гъэ къэс ирагъэкІуэкІ «Здравоохранение» дунейпсо выставкэм. Урысейм промышленностымрэ сатумкІэ и министерствэм къилъытащ иджырей медицинэ Іэмэпсымэхэр къыщІэзыгъэкІ ІуэхущІапІэ нэхъыфІхэм ар я етІуанэу. Къапщтэмэ, урысей утыкум нобэ щагъэлъагъуэ технологиехэм я проценти 2-р зейр ди заводращ.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

Адыгэ хабзэ • Лъэпкъ гвардие

# НэхъыщIэ Iэнэмрэ нэхъыжьхэмрэ

**КъекIуэкI Iуэхугъуэхэмрэ цIыхур зэрыт щытыкIэмрэ гъэщIэгъуэну зыдещI Адыгэ хабзэм. Сыт хуэдиз ткIиягъ хэлъми, асыхьэтым къызэрагъэпэщауэ дэхын хуей Iуэхум и дахапIэрэ и кIуапIэрэ теIэбэу Адыгэ хабзэм лантIэу зегъэш, емыкIуи щхьэкIуи къыхигъэкIыркъым. ЩIалэ Iэнэрэ нэхъыжь Iэнэу зэхагъэкI IэнитIым я зекIуэкIэр къыщхьэщокI адыгэ Iэнэгу хабзэ къызэрыкIуэхэм.**

ДЫЗЫЩЫГЪУАЗЭ мащIэм тепщIыхьмэ, нэхъыжь Iэнэм пэрыс хабзэмэ, щIалэ IэнэкIэ зэджэм пэрыту аращ. Ар къызыхэкI щхьэусыгъуэм Iэнэр нэхъыжьщ, жыхуиIэ псалъэжьым дрешэлIэж. Iэнэр щаублэкIэ, абы къытехьэ ерыскъыхэм хьэтыр яIэщ, зэблэкIыгъуэ къэс хуэфащэ Iулыджыр хуэщIын хуейуэ хьэкъ щыIэщ. Ар зыуэ. УзыпэрытIысхьа Iэнэм хабзэм джэж хуещI, жаIэ, хуэфащэмрэ хуэныкъуэмрэ хузэкIэлъигъэкIуэну къыхуриджэу. Къэзакъкъуэшхьэблэ (СоколовкIэ зэджэ мэздэгу адыгэ къутырщ) щыщ Семэн Гаврил зэрыжиIэмкIэ, хабзэм игъэдахэ Iэнэр Тхьэм и епсыхыпIэщ, и хабзэ нэхъыщхьэри ухуетIысэхынырщ. УетIысэхыу узыпэрытIысхьа Iэнэм теIуа шхыным и зэблэкIыгъуэр ирикъуху упэрысын хуейщ. Аращ хъуэхъубзэмрэ Iулыджымрэ нэхъыжьхэм зылъагъэсыр.

ЩIалэ Iэнэм и гугъу пщIымэ, ар нобэ ди нэгу къыщIыхьэ Iэнэм хуэдэкъым. Iыхьищ иращIыкIа тхьэлъэIу мэжаджэм зыр гъуэгум здрахьэжьэ, етIуанэр езыхэм зэпачурэ зэтрагуашэ, ещанэри нэхъыжьхэм я Iэнэм зэрытралъхьэнум хуэдэу ягъэхьэзыр. Щхьэж къылъыса мэжаджэ бзыгъэр иIыгъыу хъурейуэ къеувэкIауэ зэхэт щIалэхэм я щытыкIэзэхэтыкIэращ щIалэ Iэнэ жыхуаIэри. Ар тIууэ. Нэхъыжь здэщыIэм щIалэтIыс щызекIуэркъым. Нэхъыжьыгъуэр зрат Iэнэм хуэфащэу кIэлъыплъынури кIэлъызекIуэнури зи псалъэрэ зи цIэрэ фIэлIыкI зиIэ нэхъыжьыфIращ. Iэнэм и кIыхьри и кIэщIри зэрегъакIуэ, жаIэ, пщIэ зиIэ нэхъыжьым щхьэкIэ. Ар щыуэ.

Пщэдей хуэдэм зекIуэр къыдахыну нобэ хуэдэм иджыри зэ зэхохьэ. Мыбы зэреджэр зэхэплъэнщ. Зэрылъагъуну, псалъэ дахэ зэжраIэну, адыгэ жыIэкIэкIэ жыпIэмэ, щIалэм къыпэщылъ гъуэгур ягъэхуэбэну. Мы псэлъафэр нобэ адыгэбзэм зэкIэщIэпч мыхъу и псалъэ зэхэжыхьахэм ящыщ хъуащ. Гъуэгур гъэхуэбэн щыжаIэкIэ, абы техьэ цIыхум и гунэджыр къэIэтын, игу телъ зэщымыщхъур щхьэщыхын, здежьар къызэрехъулIэнумкIэ фIэщхъуныгъэ хэлъхьэн жиIэу кърагъэкIыу аращ. КIэлъыгъэхуабэр унэм къинэм и щIэлъщ, гъуэгугъэхуабэр ежьэм и телъщ, жаIэу щыташ.

Къызэхуэсынур къызэхуэса нэужь, Iэнэ мащIэ ягъэув, куэд дамыгъэкIыуи Iэнэ егъэблагъэ жыхуаIэр ящIырт. Мис мыбдеж къыщыхэгъэщын хуейщ ищхьэкIэ зи гугъу щытщIа мэжаджэр нэхъыжь Iэнэм гъэщIэгъуэну къызэрытехьэр. Нэхъыжь Iэнэм хъуэхъур зытрагъэIукIыну мэжаджэ Iыхьэр IэщIэлъу ар щIагъэш щIалэм и пшэрыхьыр абыхэм я деж ягъакIуэ. Езы щIалэр абы щIэмыкIуэр и шымрэ езымрэ я щытхъу едаIуэу щытыныр къригъэзэгъыртэкъыми аращ. «Нэрылъагъу щытхъурэ нэрымылъагъу убэрэ зэхуэдэщ» жаIакъэ? Пшэрыхь щIалэм къыхуэтэджа лIым мэжаджэр IэщIелъхьэри, лъэбакъуэ зыбжанэкIэ къокIуэтыж, жаIэнумрэ ящIэнумрэ пэплъэу. «ЕтIысэх» къыжраIэныр нэхъыжь хьэкъщ, «къыслъысыр къысхуэвгъэфэщащ» жиIэу жэуап яритыжынри пшэрыхьым и къалэнщ. Абдеж пшэрыхьым пщIэ етыныр хабзэкIэ къекIу Iуэхущ. Iэнэм пэрысу щысхэм языхэзыр къопсалъэри мыр жеIэ:

**Уи пщIэр лъагэу, щIалэфI,**
**ФIым уриущиякIуэу,**
**Ем уриIэщакIуэу.**
**УщIызэкIуэжын къыхэмыкIыу,**
**ИкIагъэ къыпхэмыхуэу,**
**Хуарэр уи Iэдэжу,**
**Жэрыр къыпщIэмыхьу**
**ЩIалэпщIэр уи бэу упсэу!**

Мэжаджэм къищынэмыщIауэ, тхьэлъэIу шхыныгъуэу ягъэхьэзырхэм щыщщ махъсымэр, дэ купщIэ зыхэлъ хьэлыуэр, кхъуейлъалъэ зыдэлъ хьэлывэр, нышыр, лэпсыр, лэпстепхъэр. Псом щыщи зэхэлъу пшэрыхь щIалэм къыIэщIегъэувэри, нэхъыжьым и хъуэхъупэ еубыдыж. Абы щыщ текст зыбжанэ ди деж къэсащ. Нэхъыжьхэм мыбдеж щагъэшу щыта хъуэхъур ди деж къызэрысар кIахэ адыгэбзэщ, дэ къэбэрдей адыгэбзэм къыдолъхьэ.

**Уэ Алыхь!**
**Гъуэгу махуэ егъажьэ,**
**Я гъуэгур бзэпсу,**
**Псыуэ зыIущIэр чэнжу,**
**Я уафэхэр къащхъуэу,**
**Я щIылъэхэр щхъуантIэу,**
**ЩхъуантIэ кIэхуу зытесыр сабыру,**
**Благъуэмрэ бзаджэмрэ IэкIэ ябзу,**
**Зрадзыхмэ дыщэр къащыпу,**
**КъыщагъэзэжкIэ я унэхэр уардэунэжьу,**
**Пщышхуэхэр щепсыхыу,**
**Уэркъышхуэхэр щызэхэзекIуэу,**
**ЗекIуэ ежьахэр гъущIыпсэу,**
**Псэ быдэу,**
**БэгъащIэу,**
**ГъащIэ кIыхь хъуну дахуолъаIуэ!**

Нэхъыжьхэм щIалэм къыхуагъэфэща Iэнэр къыIуихыу зекIуэ ежьэнум и пащхьэ щригъэувэжкIэ, абыи хуэфэщэн шыгъу-пIастэ зэхрегъалъхьэри, хъуэхъу жызыIам псалъэ дахэ зыбжанэ хурегъэхьыж:

**Мы хьэтырыр Iэнэм къыхуэзыщIа щIалэм**
**И гъуэмрэ и бжьэмрэ зэтемызу,**
**Узрэ бзаджэрэ къемыкIуалIэу,**
**Гукъеуэрэ гухэщIрэ имыIэу,**
**ФIыр и лъагъуэу,**
**Игъуэр и гъуэгуу**
**И лIыгъэкIэ жылэр къехъуапсэу,**
**Зэхъуапсэ щымыIэу,**
**Псэуныгъэ иIэу дунейм тетыну дыхуохъуахъуэ!**

Пщэдджыжь нэхущнэгъыр къызэкIэщIитхъын ипэ къихуэу джакIуэ зыхуащIа щIалэр мэшэсри, къуажэ хэгъуащхьэм къыдокI. Абдеж иджыри зэ нэхъыжьхэр якIэлъохъуахъуэ. ХъуэхъуитI щыжаIэ мы щIыпIэм: зыр - зекIуэ ежьэ шууейм и цIэкIэ, адрейр - шым щхьэкIэ.

Хъуэхъу жызыIэ нэхъыжьым бжьэи IэщIэткъым, мэжаджи иIыгъкъым. Шу пашэм и шы IумпIэр еубыдри, шэсыну зызыгъэхьэзыра щIалэхэм я гъуэгуанэ къайхъулIэн щхьэкIэ хъуэхъукIэ захуегъазэ:

**Я Алыхь!**
**Ди щIалэ жанхэр**
**Насыпым хуэшэсхэу,**
**ГуфIэгъуэм хуепсыххэу,**
**Шуупэ хуэпхъэхэу,**
**ШуукIэ щIэкъухэу,**
**ЗыхущIэкъу псори къайхъулIэу,**
**ЛIыгъэ хущIэкъухэу,**
**ЛIэныгъэм къыпимыгуэхэу,**
**ЗыхуаунэтIым я Iыхьэ къыпахыу,**
**Зыхыхьэм я цIэфI къыщанэу,**
**ЯлI къыщанэу къыщIэмыпхъуэжу,**
**Пхъэрыр къыщысым трагъэувыIэу,**
**Увыгъэ къыщащIым яхуэмыубыду,**
**Удыну ядзыр гущхьэм и лысу,**
**КъакIэлъыс псори ирагъэпсыхыу,**
**ХуарэпцIэ нэсхэр я Iэдэжу**
**ФIыгъуэкIэ къытхуэхьыжхэ!**

ИтIанэ шыми хъуэхъу псалъэ хуеIэт:

**Шыуэ фызытесыр**
**Жэрым хуэнахуэу,**
**НэбзыпэщIэплъхэу,**
**Хьэджафэ жагъуэхэу,**
**Я нэр зытеплъэр яIэщIэмыкIыу,**
**Псы икIыгъуэм хуэбжьеипкъыу,**
**Къумым ихьами къызэфIэмылIэу,**
**ЛIыуэ ятесхэр къытхуагъэгушхуэу,**
**ШхуэIуу япщIэхэлъхэр ямыгъэхуадэу,**
**Я лъэр быдэрэ мылъэпэрапэу,**
**Я Алыхь, гъуэгуанэ дахэ кърахьэлIауэ къегъэкIуэлIэжхэ!**

«Уанэ махуэрэ гъуэгу махуэкIэ» якIэлъыхъуахъуэурэ зекIуэ гупыр дошэсыкI. ЗекIуэ ежьа гупым игъэунэхур и къару къихь лIыгъэм и закъуэтэкъым, абдеж нахуэ къыщыхъурт шум и хыхьэхэкIыкIэр, и зэгъыкIэр, и зыIыгъыкIэр, и псэлъэкIэр, и гупсысэкIэр. «ЦIыху цIыху щIыжщ» щыжаIа гъуэгущ зекIуэр. Щыпэ зекIуэрат щызэхэкIри зекIуэлIыр шу закъуэу е гуп шууэ щытынри. Зыр зым ефIэкIыу аракъым ар, зекIуэлIым и ябгагъымрэ и щхьэ зэрилъагъужымрэ теухуауэ щыт нэхъкIэ.

Гъуэгу теувэм и хъыбар яIуатэртэкъым, зэрежьар хэIущIыIу ящIыртэкъым. КIэлъыхъуахъуэ дауэдапщэ зыхэмыт апхуэдэ дэшэсыкIыр зытеухуари зыхуэгъэзари зекIуэлI шу закъуэр аращ.

**ТАБЫЩ Мурат**,
*«Адыгэ псалъэ» газетым и щIэныгъэ обозреватель.*



## Лъы хуэныкъуэхэм ядоIэпыкъу

**УФ-м и Лъэпкъ гвардием и къудамэу КъБР-м щыIэм дзэ къулыкъур щезыхьэкIхэм даIыгъащ «И гъащIэр ихъумэнымкIэ дэIэпыкъу!» акцэр икIи лъы ятащ абы хуэныкъуэхэм папщIэ.**

ЛЪЫ ЯТЫН ипэкIэ абыхэм дохутыр къеплъащ. Медикхэм зэрыжаIащи, а IуэхущIапIэм и лIыкIуэхэр сыт щыгъуи жыджэру къыхохьэ сымаджэхэм зыщIэгъэкъуэн къыхуеджэныгъэм. Апхуэдэ Iуэхум и фIыгъэкIэ лъы гъэтIылъыгъэ яIэ мэхъу.

- Ди гуапэу дыхэтащ а Iуэху щхьэпэм, псапэ зыпылъ IуэхуфIыр дэтIыгъащ. Донор дэIэпыкъуныгъэр щIэх-щIэхыурэ зыхуейщ, куэдым къагурымыIуэми, - къыхигъэщащ Урысей гвардием и щIыналъэ управленэм къулыкъу щызыщIэ сержант Атмурзаев ТIэхьир.

## Я лIыхъужьыгъэр ящыгъупщакъым

**Республикэм и Жылагъуэ палатэм щекIуэкIа зэIущIэм УФ-м и Лъэпкъ гвардием и къудамэу КъБР-м щыIэм и дзэ къулыкъущIэхэр хэтащ. Ар теухуат 115-нэ Къэбэрдей-Балъкъэр шуудзэм Хэку зауэшхуэм и зэманым зэрихьа лIыхъужьыгъэр илъэс 80 зэрырикъур гъэлъэпIэным хуэгъэпса зэзыгъэуIу совет къызэгъэпэщыным.**

ЗЭIУЩIЭМ хэтащ Граждан жылагъуэ институтхэмрэ лъэпкъ IуэхухэмкIэ, ЩэнхабзэмкIэ министерствэхэм, щIыналъэ Парламентым, Следственнэ комитетым, къэлъыхъуакIуэхэмрэ жылагъуэ IэнатIэхэмрэ я лIыкIуэхэр. Абы щытепсэлъыхьащ къытщIэхъуэ щIэблэр псэкупсэу гъэсэным ехьэлIауэ зэдрагъэкIуэкI лэжьыгъэм кърикIуахэм. Къыхагъэщащ къызэднэкIа илъэсым Урысей гвардием и щIыналъэ управленэр ящIыгъуу мыхьэнэ зиIэ Iуэху зыбжанэ зэрырагъэкIуэкIар. Майор Тубей Аслъэн жиIащ я зэдэлэжьэныгъэм адэкIи зэрыпащэнум шэч къызэрытримыхьэр.

Жылагъуэ палатэм щызэхуэсахэр зэгурыIуащ 115-нэ шу дивизэм и зауэлIхэр ягу къыщагъэкIыж Iуэхухэр 2022 гъэм ирагъэкIуэкIыну.

**БАХЪСЭН Ланэ.**




# Фо зэхуихьэсын щхьэкIэ

Фо килограмм зэхуихьэсын щхьэкIэ бжьэр 120-рэ - 150-рэ бжьаIуэм телъэтыкIын, удз гъэгъа мелуанитхум нэблагъэм тетIысхьэн хуейщ.

* * *

Зы бжьэ матэм дэсхэм къыщалъэтыхьым деж къэрухэм хуэдэу зэкIэлъхьэужьу зэпыувэу щытамэ, зы сантиметр фIэкIа ямызэхуакуми, километр никъуэ хуэдизкIэ зашэщIынут.

* * *

Зы сыхьэтым километр 65-рэ къызэренэкIыф бжьэм. Шхынрэ къарурэ хурикъуамэ, жэщ-махуэ 25-м кърихубыдэу ЩIыр и хъуреягъкIэ къилъэтыхьыфынут.



* * *

Тхьэрыкъуэр и пIэ щисым деж и гур зы дакъикъэм кърихубыдэу 29-рэ къеуэу аращ, щылъатэм деж 450-м ноблагъэ.

* * *

Зи лъыр щIыхуфэ псэущхьэу дунейм тетыр Австралием и гъунэгъу тенджызхэм медузэм ещхьу хэс псэущхьэхэрщ.

* * *

Къуалэбзу псоми псы щефэкIэ я щхьэр къаIэтын хуей мэхъу. Тхьэрыкъуэ закъуэращ щхьэр къыдримыхьейуэ псы ефэфыр.

* * *

Языныкъуэ бзухэм зы сыхьэтым километрищэ къызэранэкIыф, метр мини 7-кIэ заIэт, къэмытIысу километр мини 3 - 3,5-рэ къалъэтыхьыф.

# Адыгэм япэу къищтэ шхыныгъуэр

✦Хьэлыуэ щащIынум и деж шыуан кIуэцIыр джэдыкIафэкIэ кърапъэщIыкI, хьэлыуэр щащIкIэ кIэримысхьэн щхьэкIэ.

✦Щынэлыр нэхъ щашхыр накъыгъэ, мэкъуауэгъуэ мазэхэрщ. Абы щыгъуэм лыр нэхъ IэфIщ. Щынэлым и щэр хужьыбзэщ.

✦Адыгэм пIэтIрэжан игъэкIыу щытакъым. Ар ишхмэ, цIыхум и Iэпкълъэпкъым шыгъу дещIэ жаIэрт.

✦Адыгэ тхьэлъэIум япэ дыдэу Iэнэм тралъхьэ хьэлыуэ, хъыршын, хьэлывэ.

✦Тхьэрыкъуэр зэрыпсоуэ тIууэ сэкIэ зэгуаупщIыкIри, и гур хуабэу кърах. Ар гу къилъэт зиIэм ирагъэгъэлъэтэх ямыгъэнышщкIуу, зэрыпсоууэ. АбыкIэ гу къилъэт зиIэр хъужу щыташ.

✦Фэлъыркъэбым и щхьэр трагъэжри, ягъэгъу. ИужькIэ абы сыт ипкIэми щIыIэу щытщ.

✦Дэ купщIэ гъэлыгъуа пшхымэ, уи кIэтIийхэр егъэкъабзэ.

✦Нэмэзлыкъ ящIыр бжэныфэщ е адыгэ мэл цы пхъашэрщ.

✦ПIастэ дия щаупщIатэкIэ сэр псы щIыIэм щIэхщIэхыурэ хагъауэ. Апхуэдэу пщIымэ, бзыгъэр нэхъ дахэ мэхъу.

✦Нартыху щхьэцыр жьауапIэм щагъэгъури, шейуэ ягъавэ. Ираф гъуэжь уз зиIэхэм, мыгъутхьэфхэм.

✦Гуэгушыл щагъавэкIэ и къупщхьэхэр зэпаудыркъым, зэпылъыпIэр зэрагъэкIыу аращ. Ар зыпыбудрэ бгъавэмэ лэпсри лыри Iэфl хъуркъым, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ къупщхьэ зыпыудам и кIуэцIым илъыр лъы пцIащ. Лэпсри фIыцIэ, ткIыбжь ещI.

КЪУБАТИЙ Борис.

# КIэртIоф зыхэлъ жэрумэ лэпс

АР ягъэхьэзырын щхьэкIэ жэрумэр зыхэвыкIа лэпсыр тIэкIу ягъэдий, дагъэр къытехыгъуафIэ хъун щхьэкIэ. Телъ дагъэр къытрахри, лэпсыр языж, шыуаным иракIэ, пэшхьэкум трагъэувэри, зэ фIыуэ къагъэкъуалъэ. Абы Iыхьэ цIыкIуурэ упщIэта кIэртIоф укъэбза халъхьэ, и щхьэр трапIэжри, мафIэ щабэм тету ягъавэ дакъикъэ пщыкIутхутIощIкIэ. Абы бжьын гъэлыбжьа традзэ, джэдгын траудэри, шыуанышхьэр тепIауэ дакъикъитху-хыкIэ щагъэт. Фалъэ куукIэ пщтыру Iэнэм трагъэувэ. ПIастэ щIыIэ е чыржын, хьэлIамэ, щIакхъуэ дашх.

***Халъхьэхэр зы (цIыху Iыхьэ):***

дагъэ зытемытыж лэпсу - грамм 500,

кIэртIоф укъэбзауэ - грамми 150-рэ,

шыгъуу - узыхуейм хуэдиз.

***Бжьын гъэлыбжьам:***

бжьынышхьэ укъэбзауэ - грамм 50,

щэ гъэвэжауэ - грамм 40

шыбжийуэ, джэдгыну - узыхуейм хуэдиз.

*«Адыгэ шхыныгъуэхэр» тхылъым къитхыжащ.*

# ЩIыхь зиIэ щытхъу хуэныкъуэкъым

✦Хамэщlыр сыт щыгъуи щIыIэщ.

✦Щхьэм имылъмэ, гум илъыр къолъэлъ.

✦Бгым щыхуам и мыIуэху зэрихуэжыркъым.

✦ЩIыхь зиIэ щытхъу хуэныкъуэкъым.

✦Iуэху никъуэщIэ къагъанэу, IуэхущIэ яублэркъым.

✦ХьэщIэм и щIыхьыр езым къеIэтыж.

✦Хамэм зыкъыпщIигъакъуэмэ, къуэшри къофыгъуэж.

✦Щыуагъэр мыгъуагъэщи, гугъапIэр пIэщIех.

✦Анэм и гузэвэгъуэр гъунапкъэншэщ.

✦Нысэр гъэсамэ, усэ хуэфащэщ.

✦Зи мащIэм зигъэнщIри, зи куэдым зимыгъэнщIыжу къэнащ.

✦ЩыхуащIэм щIагъуэт, щыхуамыщIэм хъущIэрт.

АФЭЩIАГЪУЭ Анас.

# Псалъэзэблэдз

***ЕкIуэкIыу:*** **4**. Адыгэ театрым и джэгуакIуэ, ЕмкIуж Андзор триха «Невиновен» кинофильмым роль нэхъыщхьэр щызыгъэзэщIа, КъБР-м щIыхь зиIэ и артист. **5**. Мастэ пIащэ. **10**. ШыкъумцIий уд фызыжьыр абыкIэ псыхьэ игъэкIуащ. **11**. Щхьэл мывэр зэкIэрэхъуэкI. **13**. Колхоз хьэсэм и плъыр. **14**. ЦIыхубзхэм зэрызагъэдахэ, напэщыхуэ.

***Къехыу:*** **1**. Транспорт лIэужьыгъуэ. **2**. «НэгъуэщI щIалэхэмкIэ уемыплъэкI», «УзиплъапIэщ», «Уи кIэсинкIэр», «Мылицэ щIалэм и уэрэд», «Колэ», «Нусэ» уэрэдхэр зыуса ... Залымхъан. **3**. Купкъ зэрылъ пхъэщхьэмыщхьэ плъыжь-фIыцIафэ цIыкIу. **6**. Джэдкъаз. **7**. Iэщышхуэм зэреджэ цIэхэм ящыщ зы. **8**. Хьэцэпэцэр щаIуэкIэ гъупщым нэхърэ нэхъ щабэу хьэуазэм къыщIокI. **9**. Литературэ тхыгъэ. **12**. Совет зэманым щыIа ахъшэ жьгъей. **14**. ... гъущэрылъэ фыз игъэплъа лIырэ. **15**. Къуажэм я гъуор маджэ: «Жылэ махуэ хъун, зи ... вакъэ изылъхьэ псори зэхуэсым фыкъекIуалIэ!»

*Зэхэзылъхьар* **МЫЗ Ахьмэдщ**.



***Гъатхэпэм и 12-м ди газетым тета псалъэзэблэдзым и жэуапхэр:***

***ЕкIуэкIыу:*** **1**. Бо. **2**. Къанжэ. **4**. Къум. **8**. Щхьэлыкъуэ. **9**. Къат. **11**. Мет. **15**. Къатхъэнсолыкъу. **16**. Къэп. **18**. «Нэху». **20**. Къэрмокъуэ. **21**. Цы. **22**. Хьэсэн. **23**. Хьэ.

***Къехыу:*** **1**. Балъкъ. **3**. Налкъутналмэс. **5**. Мест. **6**. Хъущт. **7**. Хьэм. **10**. Абазэ. **12**. Емышэ. **13**. Пхъы. **14**. Тощ. **16**. Къауц. **17**. Пкъы. **18**. Нэд. **19**. Хупхъэ.

# ГъащIэм и купщIэр

ФIыуэ улажьэу уесэн щхьэкIэ, Iуэхум хуабжьу удихьэхыу щытын хуейщ, армырамэ, залымыгъэ зэпхыжыфынукъым.

**КАЛИНИН Михаил**, *къэрал къулыкъущIэ.*

ТхылъыфIым щIэныгъэфI къует, гупсысэ щхьэпэ куэд къегъэуш.

**КРУПСКАЯ Надеждэ**, *къэрал лэжьакIуэ.*

Тхылъыр зэрызепхьэм цIыхум узэрыхущытыну щIыкIэр еубзыху. А тIуми зэхуэдэу хуэныкъуэщ дэтхэнэри.

**КАРАМЗИН Николай**, *урыс тхакIуэ.*

НэхъыфI дыдэу схэлъыр цIыхуфIхэм гурыщIэ IэфI зэрахузиIэрщ.

**ПРИШВИН Михаил**, *урыс тхакIуэ.*

ИпэжыпIэкIэ щэджащэр зи гур псом щхьэкIи къеуэрщ.

**РОЛЛАН Ромен**, *франджы тхакIуэ.*

Тхыдэр зи лъабжьэ романхэм уеджэныр нэхъ щхьэпэщ тхыдэмкIэ курсхэм нэхърэ.

**БАЛЬЗАК Оноре**, *франджы тхакIуэ.*

Лэжьыгъэращ цIыхум и творческэ зэчийр къызыкъуезыгъэхыр.

**ТОЛСТОЙ Алексей**, *урыс тхакIуэ.*

ЦIыхум и зыужьыныгъэрщ и гъащIэм купщIэ хуэхъужри.

**ГОРЬКИЙ Максим**, *урыс тхакIуэ.*

Спорт • Туризм • Зэпеуэ

# Усыгъэр щIэблэм я Iэпэгъуу

**Щэнхабзэмкlэ фондым, Вэрокъуэ Владимир и цIэр зезыхьэм, щекIуэкIащ «Ди псалъэр къыщыIужкIэ» республикэпсо литературэ зэпеуэм и «Художественнэ псалъэ» Iыхьэр. Ар екIуэкIащ усакIуэхэу, тхакIуэхэу Журт Биберд, Уэрэзей Афлик, Залиханов Жанакаит, Гулиев Мажит сымэ ягу къагъэкIыжу, мы гъэм зи ныбжьыр илъэс бжыгъэ дахэ ирикъу усакIуэхэу Мусукаевэ Сакинатрэ Куэшбей Джамболэтрэ ягъэлъапIэу. Зэпеуэм хэт ныбжьыщIэхэр абыхэм я IэдакъэщIэкIхэм къеджащ адыгэбзэкIи, урысыбзэкIи, балъкъэрыбзэкIи. ВидеокIэ кърагъэхьа лэжьыгъэхэм хэплъащ усакIуэ Беппаев МутIэлип зи унафэщI къэпщытакIуэ гупыр.**

- УСАКIУЭХЭМРЭ тхакIуэхэмрэ нэхъыбэ дыдэу зыщыгуфIыкIыр я Iэдакъэ къыщIэкIар щIэблэм щаджырщ. Зи тхыгъэхэр цIыхухэм фIыуэ ялъагъухэр, езыхэр къытхэмытыжми, псэу хуэдэщ. Усэхэм, художественнэ тхыгъэхэм ящыщ пычыгъуэхэм къеджэу къытхурагъэхьахэм сагъэгушхуащ. ЩIэщыгъуагъ хэлъу Iуэхум гурэ псэкIэ зэрыбгъэдыхьам сыщыгуфIыкIащ, - жиIащ зэпеуэм и къызэгъэпэщакIуэ, Тхылъхэр фIыуэ зылъагъухэм я зэгухьэныгъэм и унафэщI Шинкарёвэ Натальe.

КъэпщытакIуэхэр ныбжьыщIэхэм я лэжьыгъэхэм хэплъэм къалъытащ къыхаха тхыгъэм и купщIэр (ар къеджэм и ныбжьым хуэкIуэу щытыпхъэт), усыгъэр зэрызыхищIэр къеджэкIэмкIэ къызэрагъэлъагъуэр, я теплъэ-зыхуэпэкIэр, тхыгъэм къыщеджэну къыхаха щIыпIэр, видеом и фIагъыр.

Зэпеуэм хэтахэр ныбжькIэ гупищу ягуэшащ. НэхъыщIэ дыдэхэм ящыщу (илъэси 7 - 10) япэ увыпIэр къахьащ Бекъул Ясминэ, Бауаев Iэмин, Гобеджешвили Умар, Гладилинэ Анастасие сымэ. ЕтIуанэ хъуащ Къэзан Iэминэ, Баший Саидэ, Докелинэ Марие, Щоджэн Iэминэ сымэ. Аппаевэ Маликэ, Балаевэ Ларисэ, Гуртуев Муслъим сымэ ещанэ увыпIэр ялъысащ.

Илъэс 11 - 14 хъухэм я деж бжьыпэр щаубыдащ Хьэткъут Азнаурэ Жыгун Алисэхьрэ. Къанокъуэ Лаурэрэ Къущхьэбий Камилэрэ етIуанэ хъуащ. Мэшыкъуэ Дамир, Джаппуев Мухьэмэд, Джантуевэ Азизэ, Братцевэ Илонэ сымэ ещанэ увыпIэр зэхуагуэшащ.

Илъэс 15 - 17 зи ныбжьхэм я деж щытекIуащ КIыщ Эльвирэ, Этезовэ Джаннет, Воробьёв Максим. Къуршэ Камилэ, Байсултанов Ислъам, Жанатаевэ Аишэ сымэ етIуанэщ. Ещанэ увыпIэр къахьащ Къумыкъу Алинэрэ Теппеев Ахъмэтрэ.

- Лъэпкъ щхьэхуэр зыгъэбейр и бзэрщ. Мы зэпеуэ дахэри бзэхэр гъэлэжьэным хуэунэтIа Iуэхущ. Си гуапэ хъуащ ныбжьыщIэхэм художественнэ псалъэр зэрызыхащIэфыр. Ар нобэ дызыхэпхъа лэжьыгъэхэми къагъэлъэгъуащ, - жиIащ Беппаев МутIэлип, Iуэхум хэтахэм фIыщIэ щахуищIым.

**ГУГЪУЭТ Заремэ.**
*Сурэтыр*
**КЪАРЕЙ Элинэ** *трихащ.*





# Дунейпсо гъэлъэгъуэныгъэ

**Туризмэм и XXVIII Дунейпсо гъэлъэгъуэныгъэр (MITT-2022) мы махуэхэм щокIуэкI «Крокус Экспо»-м. Абы хэтщ Урысейм и щIыналъэ 60-м щIигъум я лIыкIуэхэр. Хамэ къэралхэм ящыщу гъэлъэгъуэныгъэм ущыхуэзэнущ Азербайджаным, Арменэм, Белоруссием, Венесуэлэм, Мысырым, Индием, Къэзахъстаным, Къыргъызым, Китайм, Таджикистаным, Таиландым, Тыркум, Узбекистаным, Филиппинхэм я плIанэпэхэм.**

ГЪЭЛЪЭГЪУЭНЫГЪЭМ хэтхэм Iэмал яIэщ щхьэж и туризм хуэIухуэщIэхэр утыку кърихьэну, абы пыщIа Iуэхутхьэбзэхэм цIыхухэмрэ туризмэм епхауэ лажьэ IуэхущIапIэхэмрэ щигъэгъуэзэну, IэмэпсымэщIэхэр щигъэлъэгъуэну.

Къэбэрдей-Балъкъэрым хухаха плIанэпэр MITT-2022 гъэлъэгъуэныгъэм къигъэув мардэхэм тету зыгъэхьэзырар КъБР-м Курортхэмрэ туризмэмкIэ и министерстверщ. Ди щIыпIэм икIа гупым я пашэр министр ЩоджэнцIыкIу Муратщ. КъБР-м и плIанэпэр нэхъ къыхэщу жыпIэ хъунущ: пхъэшыкъушхуэм ди щIыпIэхэр къызэрацIыхуж Iуащхьэмахуэ и сурэтыр бренд жыпхъэм иту хэщIыхьащ, абы и лъагагъыр къэзыгъэлъагъуэ бжыгъэри (5642) дахэу хэгъэзэгъащ. Туризм Iуэхутхьэбзэхэм ящыщу ди щIыпIэм щIэупщIэ нэхъ щызиIэ бгылъэрыпсекIуэ спортым, альпинизмэм, парапланеризмэм, трекингым, автотуризмэм, псы хущхъуэхэм, нэгъуэщI Iуэхугъуэ куэдым ятеухуа сурэт альбомхэр цIыхухэм хуагуэш, видеотеплъэгъуэхэр ирагъэлъагъу, зыщIэупщIэхэм жэуап ират.

Къэбэрдей-Балъкъэрым туризмэм епха и IуэхущIапIэхэм ящыщу гъэлъэгъуэныгъэм хэтщ «Iуащхьэмахуэ тур», «ЗыплъыхьакIуэ» туроператорхэр, «Хьбзу» зыгъэпсэхупIэр, «Кавказым и хъурягъкIэ» турист IуэхущIапIэр, «Ипщэ-вояж», «OFF-ROAD» клубхэр, «Урысей географие зэгухьэныгъэм» туризмэмрэ лъахэхутэмкIэ и «Альтаир» щIалэгъуалэ хасэр.

Къэбэрдей-Балъкъэрым икIа къулыкъущIэхэм гъэлъэгъуэныгъэм ипкъ иткIэ зэIущIэ зыбжанэ ирагъэкIуэкIынущ, зэпсэлъэныгъэхэмрэ Iэнэ хъурейхэмрэ зэхашэнущ, зэгурыIуэныгъэхэр ди къэралымрэ хамэ щIыпIэ къикIа туризм IуэхущIапIэхэмрэ иращIылIэнущ.

MITT-2022-кIэ зэджэ зэIущIапIэр дунейпсо туризм къулыкъущIапIэхэмрэ IуэхущIапIэхэмрэ я зэхуэзапIэщ, урысей утыкум щихьэ щыпIэщ. Къэрал зэмылIэужьыгъуэхэм къикIа туризм компаниехэм Iэмал яIэщ я сатур мыбдеж щыпхагъэкIыну, IэнатIэм теухуауэ дунейм щекIуэкI зэхъуэкIыныгъэхэмрэ политикэмрэ зыщагъэгъуэзэну. Мы гъэлъэгъуэныгъэр илъэс щIагъуэ дэмыкIыу къызэрегъэпэщ УФ-м ТуризмэмкIэ и къулыкъущIапIэм.

Къыхэгъэщын хуейщ гъэлъэгъуэныгъэм щIыналъэхэм я туризм лъэкIыныгъэр къызыхэщ видеотеплъэгъуэхэм я зэхьэзэхуи зэрыригъэкIуэкIыр. Ахэр гъэлъэгъуэныгъэм и сайтым кърагъэувэнущ икIи пэIудза IэIэтыр екIуэкIынущ. Зэхьэзэхуэм щытекIуахэмрэ къыщыхэжаныкIахэмрэ нобэ ягъэфIэжынущ.

MITT-2022 гъэлъэгъуэныгъэр туризм политикэм и утыкущ. Мы гъэм абы щекIуэкIынущ къэралым, щIыналъэхэм, хэгъэгухэм я туризмэм зэрызиужьым, бжыгъэхэр зи лъабжьэ технологиехэр IэнатIэм зэрыхэлъхьапхъэм, хъэрычэтыщIэхэм я Iуэхум зэрызегъэубгъупхъэм теухуа Iуэхугъуэхэм хэлъ зэIумыбзхэр щаубзыху щIэныгъэ зэхуэсхэр.

**ЩХЬЭЩЭХУЖ Инал.**

# Мырзэкъаныр куэдрэ зыпэплъа зэIущIэ



**Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщ спортсмен цIэрыIуэ Мырзэкъан Азэмэт нокауткIэ текIуэныгъэ къыщихащ «Ultimate Fighting Championship» MMA-кIэ дунейпсо промоушеным щригъэкIуэкIа япэ зэIущIэм.**

UFC Fight Night 203 зи чэзу зэхьэзэхуэр гъатхэпэм и 13-м щекIуэкIащ Америкэм и Штат Зэгуэтхэм хыхьэ Лас-Вегас къалэм. Абы хэтащ ди лъэпкъэгъу Мырзэкъан Азэмэт («Профессионал»).

Мыпхуэдэ зэхьэзэхуэшхуэхэм щригъэкIуэкIа зэIущIибгъум текIуэныгъэ къыщызыхьа Камеруным щыщ Нчакви Тафон зэпэщIэтыныгъэм и япэ IыхьэтIым и хьэрхуэрэгъур зэрыхуей зэуэкIэм тригъэувэну хэтащ. АрщхьэкIэ ещанэ дакъикъитхум Мырзэкъаным зыкъызэкъуихащ. Ди лъэпкъэгъур лъэгуажьэкIэ камерун спортсменым и щхьэм еуэри, зимыщIэжу иужьрейр къриудащ. Судьям зэIущIэр къигъэувыIэн хуей хъуащ.

«Профессионал» и дежкIэ иджырей зэIущIэр MMA-м щригъэкIуэкIа 11-нэу щытащ. Азэмэт абыхэм псоми текIуэныгъэ къыщихьащ, уеблэмэ 9-м нокауткIэ.

Фигу къэдгъэкIыжынщи, нэгъабэ и фокIадэм Dana White's Contender Series зэхьэзэхуэм Мырзэкъаным техническэ нокауткIэ къриудащ Бразилием щыщ зэуакIуэ Шеффил Матеус икIи абы къыпэкIуэу UFC зэIущIипlI щригъэкIуэкIыну зэгурыIуэныгъэ кърапщIылIащ. АрщхьэкIэ, лигэм япэ зэIущIэ щригъэкIуэкIыну зимурада Мырзэкъаным къехъулIакъым - Азэмэт и хьэрхуэрэгъухэр къеззэуэну щIегъуэжырт е узыншагъэ IуэхукIэ зэхьэзэхуэм хэкIыжырт.

Мырзэкъан Азэмэт IэпщэрызауэмкIэ плIэнейрэ дунейпсо чемпионщ.

**МЭЗКУУ Къан.**

Редактор нэхъыщхьэ
ЖЫЛАСЭ Заурбэч

ДИ ХЭЩIАПIЭР
360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и цIэр зезыхьэ уэрам, 5, ебгъуанэ - епщIанэ къатхэр.
ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; унафэщI-редакторхэм - 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

Газетыр 2016 гъэм дыгъэгъазэм и 19-м Печатым и хуитыныгъэр хъумэнымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр щIыналъэ IуэхущIапIэм ПИ №ТУ07-00117-м щIэту ятхащ.
«Издательство «Южный регион» ООО-м щытрадзащ. 357600, Ставрополь край, ЕсэнтIыгу къалэ, Никольскэ уэрам, 5-А

Зы илъэсым газетыр 156-рэ къыдокI. Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер IэнатIэм щагъэхьэзыращ. Газетым Iэ щытрадзар сыхьэт 18.00-рщ.

Индексыр П 5894
Тираж 2.106
Заказ №546